ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№105-106 (22.513 - 22.514) • 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adygpsale.ru

● Узыншагъэ

Я ІэнатІэр ирагъэфІэкІуэну къыхураджэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэм республикэм и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я дохутыр нэхъыщ1хьэхэр зыхэт зэІуищІэ щекІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и дэжьакІуэхэм я улахэм хэгъэхьуэныгъэ теухуауэ УФ-м и Президентым нахьыгъэ мазэм къыдигъэкІа унафэр зэрагъэзащІэм. Зэіущіэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэу Марьяш Ириндэ Іорэ Галинэ-рэ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министр **Шэт Ирмэ** дохутырэр кІыхуриджащ сымаджэхэр хущ1ъхьэкІэ кІыхьэрыз3рагъэпэщ1ымрэ я узыншагъэр кІыхьэрапщ1ытэмрэ тКІийуэ кІэлъыплъыну икІи ягу кІынгэкІыжащ абдж1эм пэжІуэ щІэр адрей медицинэ Іуэхуитхьабзэхэми хуэдэу фІэкІыпІэнщІэ медицинэ страховани эмкІэ фондым и мылъкум кІыхьэрыхьэкІыр. «Куэдрэ кІохьу Іуэхущ1апІэм зыхуеину медицинэ Іэмэпсымэ псори эзриІэм щхьэкІэ хъэмынэу дохутыр-хэм сымаджэхэр уней клиникэхэм щагъэкІуэ, абы ират пщІэм и процент тІэр гъэхэмэ кІыІэрыхьэну зэрыІэ-гурыІуам кІыхьэкІыу. Ар тынш дыдэу кІыпІухэутэнущ узыфэр зыхуэдэр кІыщ1игъэлъэгъуэ тхыгъэм узэрелъ. Апхуэдэу ялэжьауэ кІыщ1ідгъэщІмэ, сымаджэм пщІэншэу хуащІэн хуея медицинэ Іуэхутхьабзэм и уасэр дохутырым гъэм и жылагъэм кІрихьу хуитын хуей хьунущ», - жиІащ мминистрым.

Марьяш Ириндэ кІыІэхуэсахэм ягу кІынгэкІыжащ бадзэуэгъэм и І-м республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и медицинэ лэжьакІуэхэм мазищым кІрибыдэу ику ину кІахь улахуэр зэрыхьур кІыІэрапщ1ытэнур икІи яхуигъэуващ абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ мардэхэм тКІийуэ тетыну. Мэкъуауэгъуэм и І-м ирихьэлІэу къагъэлъэгъуахэр Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и адрей хэгъуэгуэхэм ейхэм нэхърэ нэхъ лъахъщэкъым.

Адэкіэ ар тепсэлъыхьащ узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэри, адрей лъэныкъуэхэм хуэдэу, рыночнэ зэхущытыкІэхэм куэд щІауэ зэрыхьыкъыр. Абы и щапхъэу кІыхьащ Налшык дэт кІыалэ сымаджэщ №2-м цІыхухэм яхущІэ медицинэ Іуэхутхьабзэхэр ильэс зыбжанэ хъуауэ пщІэншэу зэрыщІымытыжыр. Апхуэдэ щІыкІэкІи абы щагъэуэт дзэпсыкъуигъэм и фагъым хэхъуащ. Мы зэманым абы и лэжьакІуэхэм кІахь улахуэр адрей медицинэ Іуэхущ1апІэхэм щІыІэхэм ейм нэхъри нэхъ инщ.

Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм кІыІэрыхьэ мылъкур псори Іэмал зимыІэ медицинэ страховани эмкІэ фондым кІыІбгъэдэкІыу иджыри кІэс зэтеухуа щІэмыхьуар а унэтІыныгъэм щекІуэкІын хуей зэхъуэкІыныгъэхэр и чэзум зэрызэфІэмыкІарщ.

КъБР-м и вице-премьер Марьяш Ириндэ дохутыр нэхьыщ1хьэхэм яхунгъуващ я Іэнатіэхэр ирагъэфІэкІуэну, псом япэу я Іэщ1агъэлІхэм я бжыгъэмрэ я зэфІэкІымрэ Іуэхум кІыхьалъытэу. «Унафэщ1ым кІуэдзэу 8 нІэныр зы сымаджэщ1ым дежьэкІэ кІьемыгъащ, - кІыхьигъэщ1ащ абы икІи КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэр кІыхурджащ Іэщ1агъэлІхэр кІыхьэрыхьэпхъэ мардэр яубзыхуну. Апхуэдэу абы жиІащ мы илъэсым медицинэ Іуэхущ1апІэхэр псори унейуэ уахбэкІэ кІыхьэрагъэпэщу зэрращІынур, абы хуэкІуэмэ, я мылъкуми кІыхьэрыхуящ1ынур.

Марьяш Ириндэ кІыхьигъэщ1ащ КъБР-м и Правительствэм медицинэ лэжьакІуэхэм ику ину кІахьын хуейуэ ягъэува мардэм нэхърэ нэхъ мащІэ я улахуэр мыхьынымкІэ Іуэхугъуэ пыухьыкІахэм зэрыхэпльэр.

ЩОМАХУЭ Лилэ.

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Зэраубзыхуам хуэдэу

КъБР-м Щ1ыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэхэм республикэм псыдзэхэр шынагъуэншэу щ1ызэблэгъэкІыным теухуа Іуэхугъуэхэр зэуГуу егъэзащІэ.

ФЕДЕРАЛНЫ бюджетым Къабэрдей-Балъкъэрым кърита субвенцэм и хьэхъкІэ, Бахьсэн псыхъэм и псы кІуапІэхэр зэхуэгъэкІуэным пыщІа лэжьыгъэ и етІуанэ Іыхьэр Бахьсэн къалэм и Іашэльащэм щ1ызэфІагъэкІащ. Километри 4,5-рэ ягъабыдащ. А Іуэхум сом мелуан 20,6-рэ халъхьащ.

Бахьсэн псыр зэрыхьыжьэр къалэытэри, лэжьыгъэм и япэ Іыхьэр нэгъабэ ирагъэкІыжащ, километри 3,3-рэ дагІыкІащ. Абы сом мелуан 15 хухахащ. Псыдзэр а щ1ы-пІэм зэрыщ1ызблагъэкІынум пыщІа лэжьыгъэ псори етІанэгъэ зэфІагъэкІынущ, километр 13 зыхуей хуагъэзэнущ.

Къищ1ынэмыщ1ауэ, 2013 - 2015 гъэхэм кърибудэу Старэ Шэрэдж къуажэм деж Шэрэдж псыхъуэми псы кІуапІэхэр щ1ызэхуагъэкІуэнущ. Абы елъэжьынухэр мы зэманым зэпеуэкІэ къыхах.

ХАДЖИЕВЭ Фатімэ.

● Нобэ Социальнэ лэжьакІуэм я махуэщ

Гуапагъэкіэ гъэнщіа Іэщіагъэ

АР щІэупщІэшхуэ зиІэ, псапэшхуэ зыпылъ. А лэжьакІуэхэр пенсэм кІуахэм, хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, дохуэхахэм щІэгъэкъуэныщхуэ яхуохьу.

СОЦИАЛЬНЭ лэжьакІуэр, психологхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ ящІыгъужу, жылагъуэр хуабжьу зыхуэныкъуэ Іэнатіэщ. А къалэн мытыншыр зи пщэ дэзыдлъхьэжьр цІыхум гуу3-лыуэ хузиІэ, гущІэгъуэ, гуапагъэ мыкІуэщІыр зыхэлъ, нэгъуэщІым и гъащІэр нэхъ дахэ, тынш зыщІыфхэрщ.

Социальнэ лэжьакІуэхэм ягъэзащІэ лэжьыгъэ мытыншым и фІыгъэкІэ, дэІэпыкъуэгъу хузыныкъуэ цІыхухэр дуней зызыхъуэжьым нэхъ хэзагъэу, декІуу къокІуэкІ. Махуэ кІэс абдыхэм зы унагъуэ псом е цІыху щхьэхуэм кІыплъыкъуэкІ Іуэху зэхуэмыдэхэм хэкІыпІэхэр кІыхьагъэт.

ПщІэ зыхуэтщІ социальнэ лэжьакІуэхэ! Сигуми си псэми кІыбгъэдэкІыу фи махуэ лъапІэмкІэ сынывохьуэхьу! Узыншагъэ быдэ фиІэу, ехьулІэныгъэр фибэу, фи псэм и хуабагъми и хъуреягъыр игъэхуабэрэ фи лэжьыгъэ мытыншым фІыгъуэ мылъэтэ къыфхудэкІуэу фыпсэуну сынывохьуэхьу!

КъБР-м Лъэныкъуэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ и министр.

Мэзхэм хуосакъ

«Шэрэдж лесничествэ» къэрал Іуэхущ1апІэм кІыхилъхьа жэрдэмкІэ жыгыщІэу гектариТ хасащ.

МЭЗ щ1ыпІэм мэзэгъыу икІи зэмылІэужьыгъуэ защІэу кІыхьаха жыг цІыкІу хэм я бжыгъэр 160-рэ мэхьу. Дэтхэнэ зы мэзымкІи ар хэхъуэщхьэщ. Апхуэдэу хозяйствэм и Джэрпэджэж, Жэмтхьэлэ, Сукан-Су, Шэрэдж къудамэхэм трагъэшащ жыгей, пкІей, кІей, бжей лІэужьыгъуэхэр.

Жыг хэсэным кІыдэкІуэу мы щІыпІэм мэз гектари 5 щагъэкъэбзэну хунэсащ. Псом хуэмыдэу фІыуэ зыхуей хуагъэзащ цІыхухэм я зыгъэпсэхупІэу щыт мэз лъапэхэр. Мы Іуэхум жыджэру хэтащ лесничествэм и жылагъуэ кІудамэхэм къабгъэдэкІауэ цІыху 30. Абдыхэм дэІэпыкъуэгъушхуэ яхуэхъуащ кІуэажэдэсхэри гъэ еджэгъуэр кІъэзыуха школакІуэхэри.

Лэжьыгъэхэм адэкІи кІыпащэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● АПК

Сом мелардитІым щІигъу

Федеральнэ, республикэ бюджетхэм я хъэхъкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъуэщ Іуэхущ1апІэхэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ сом мелари 2-рэ мелуан 75,8-рэ мы гъэм хуахъыну я мурадщ.

АР нэГЪАБЭРЕЙм елъытауэ сом мелуан 20,7-кІэ нэхъыбэщ.

КъБР-м Экономикэ зыужьынныгъэмкІэ и министерствэм агропромышленнэ комплексымкІэ и хьэдагъэм мэхъ кІыІэритамкІэ, мы илъэсым и щІыкІыпІэ-гъэтхэпэ мазэхэм а щІыкІэм тету сом мелуани 8,5-рэ мэкъумэшыщІэхэм ирагъащ. Ар 2013 гъэм къэрал дэІэпыкъуныгъэу хухахыну я процент пщІанипІ мэхъу.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

Ди къуэш республикэхэм

«Лавина» спектаклыр

АДЫГЕЙ. ***Дыгъуасэ Псыхуабэ къалэм къыщызэІуахащ Урысейм и къэлэхэм я театр щІыкІуэхэм я IX фестиваль. Адыгейм и Лъэпкъ театрым абы щигъэлъэгъуэнущ тыркуу драматург Джюджюнолг Тунджер и пьесэмкІэ ягъэува «Лавина» спектаклыр.***

ПЬЕСЭР гъэщІэгъэнщ. Урысейм, Адыгейм я щІыхуб артист Къуэкан Мурат зэрыжиІэмкІэ, щІыналъэм и лъэпкъ театрым и актерхэм иджыпей драматургэм я лэжьыгъэ куэдым а пьесэр кІыхахащ я дуней тетыкІэкІэ нэхъ зэрапэгъунэгъуэм къыхэкІыу. Бгылъэ хуажэм щ1ыпсэуэхэм я тхыдэм щ1ызэфІэува гъащІэм зихьэужу хуитыныгъэр щ1ызыхащІэ я спектаклым щ1ожджу Адыгейм и щІыхуб артистхэу Зыхьхэ Мелэчэт, Заурбий, Устэкъ Мухьтар, республикэм щІыхь зиІэ и артистхэу Аммыжь Нурбий, Льэнней Іэсият сымэ, нэгъуэщІхэри.

ДынаслыпфІэщ, дэрэжэгъуэ кІъэзыт уи творчествэм зеэзыгъэІэт уи лэжьэгъуэхэм уахуэзэнэр сыт щыгъуи гуапэщ. Ди фІэщ мэхъу иджыпей фестивалыр ди театрым дежкІэ лъагапІэм ухуэзэщ1ауэ утыку хъунущ. Лъэпкъ театрым иригъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм

Сыткіи къызэгъэпэщащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Щ1ынальэм гу-лъытхуэу узхэм щеІзэз и центрым и Іэщ1агъэлІхэм иджы апэ дыдэу республикэм щрагъэкІуэкІащ инфаркт, инсульт узыфэхэр зиІэ сымаджэхэм технологие лъагэр къагъэсэбэну медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ятынымкІэ операцэ.***

ОПЕРАЦЭР щекІуэкІащ «Урысей Апщэ» программэм ипкъ иткІэ яуэуа Іуэхущ1апІэм. Центрыр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хэгъэзэным сом мелуани 130-рэ трагъэкІуэдащ. Иджыпей технологие лъагэ эксперт-класс медицинэ Іэмэпсымэ къащІэхуащ. А аппаратыр уимыІэу гум ехьэлІа операцэ пщІы хъунукъым. Ар щрагъэкІуэкІ пэшым лабораторэ щхьэхуэ иІэщ, операцэм узыщІхуеину псомкІи къызэгъэпэщащ.

2013 гъэм къриубыдэу гум ехьэлІа операцэ 40 иджыри центрым щрагъэкІуэкІыну я мурадщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Зэрымыарэзыр хущІэмыхьэмэу

УФ-м и Президент Путин Владимир дыгъуасэ Кремлым щригъэкІуэкІащ Правительствэм и лэжькІэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ.

Абы щ1ыхьэпхьэщ1ылъэкІуам накъыгъэм къэрал Іэтащ1ъхьэм къыдигъэкІа унафэхэр гъэзэщІа зэрыхьум. Президентым и пащхьэ къралъхьащ дызыхуэкІуэ ильэситхуэм министерствэхэр зэрылъжьну щ1ыкІэм теуха дэфтэрхэр. Абыхэм щ1ыгъуазэ зищІа нэужь Путиным жиІащ абдыхэм арэзы зэрытемыхьэр.

«Ялэжьыну я мурадхэм тэмэму щ1ыгъбелджылакъым сыт икІи дащ1ощ эфІагъэкІынуми. Абыхэм я нэхъыбэр псалъэ дыгъэ-хэмкІэ «кудацю» икІи апхуэдэ щ1ыкІэкІэ нобэ уи щхьэр къзбгъэпщІж хъунукъым. Дэтхэнэ министрми ищІэн хуейщ и унафэм щІэтхэр я къалэнхэм зэрехьулІэ щ1ыкІэр икІи абдыхэм яхуэзэфІэмыкІаxэм щхьэкІи жэуап ихьын хуейщ», - къыхигъэщащ Президентым.

ЗариниР къагъэсэбэпауэ къалъытэ

Франджым хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэм щ1ч къытрихьэркъым

● Дыззэрыгушхуэхэр

«XXI лІэщІыгъуэм и пашэ»

ФІыщ, гухэхъуэщ укъыщ1алъхуэ щІыналъэм и цІэр фІыкІэ зыгъэІу цІыхухэр ущикуэдыр. ЕхЪулІэныгъэфІкІэр зыІэригъэхьауэ ядкъыблагъэ къыгтхуеблэгъэжащ «Что? Где? Почем?» газетым и редактор нэхъыщхьэ, лэжьакІуэ гущІафІэ Тхьэщ1ыгуГ Эллэ.

АДЫГЭ бзылъхугъэр хэтащ Новгород Ищхьэрэ къалэ мэлыжьыхьым и 25-27-хэм щекІуэкІа «XXI лІэщІыгъуэм и пашэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм икІи текІуэныгъэр ящ1ыхьащ.

Зэпеуэр къызэгъэпэщащ Урысейм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советыращ. Тхьэщ1ыгуГым зэрыжиІэмкІэ, зэхьэзэхуэр купщІафІэу екІуэкІащ. Абы хьэрхуэрэгъу куэд ящІащ, я зэфІэкІ ягъэлъэгъуэну зэпеуэм зрагъэхьэлІат къэралым и щІыналъэ 16-м икІахэм. Эллэ къыхуагъэфэщащ медалрэ щ1ыхь тхылърэ, апхуэдэуи гъащІэм хуиІэ еплъыкІэхэр жыджэру, Іупщ1у къызэригъэльагъуэм папщІэ, лэжьыгъэ купщІафІэхэр зэрызэфІихьым щхьэкІэ, Новгород Ищхьэрэ Хъэрычэт Іуэхухэм зегъэужьынымрэ дэІэпыкъуэгъу цІыхухэм яхуэхъуныкІэ и министр Лабугэ Денис и фІыщІэ тхыгъэ кратащ.

Мыр и япэ екъуалІэныгъэшхуэу щытми, Тхьэщ1ыгуГь Эллэ сыт щыгъуи Іуэхум хуэнэхъуеинщэщ. Илъэси 10-м щІигъукІэ бзылъхугъэр хэхъэрычэтыщІэу щытащ. 2011 гъэ лъандзрэ и гущІэ ирехьэлІэ зи гугъу тщІа газетым, ар тэмэму къыдэкІа зэрыхьуным и гулъытэр етащ.

«Си гуапэу, сфІэкъабылу зэхьэзэхуэм сыхэтащ. Лэжьыгъэ ІэнатІэ ущ1ипэрытым махуэ къэс узыІууэ гугъуехьхэм, Іуэху мытыншхэм нэгъуэщІу урегъэгупсысыж конкурсым. НэхъыщхьэрацІи, уи лэжьыгъэм и мыхьэнэр нэхъ зыхьыуегъащІэри, сэ-бэщ», - жеІэ абы.

Тхьэщ1ыгуГь Эллэ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, Кавказ Ищхьэрэм и бзылъхугъэ хъэрычэтыщІэхэм я ассоциацэм и зэзыгъэІуу советым хэтщ, жылагъуэ Іуэхухэм щ1ыжьджэрщ. Дохуэхуэу и лэжьыгъэкІи и гущІэкІиефІэкІуэну!

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Мэкъуауэгъуэм и 10, блыщхьэ

♦1774 гъэм Урысеймрэ Тыркумрэ зэращ1ылІащ Кючук-Кайнарджий мамыр зэгурыІуэныгъэр. Абы ипкъ иткІэ, Къэбэрдейр Урысейм и зы Іыхьэу къалытащ.

♦1793 гъэм дунейм щ1ыпэу Париж къыщызэІуахащ щ1ыхухэм зыщащІплъыхь хьуну зоопарк.

♦1936 гъэм «Союзмультфильм» киностудиер къызэрагъэпэщащ.

♦1955 гъэм Тырныауэрэ Докщукинэрэ къалэ хъуащ.

♦Москва щ1ызэхэтынущ Урысейм и хьэрычэтыщІэхэм я ильэс зэхуэсыщхэр.

♦СурэтыщІ-график, УФ-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, «Нартхэр», «Ди деж къэса уэрэдхэр», «Уэсылъэ къуршхэм я тарыльхэр» тхылъхэр зыгъэщІэрэщІа **Глуховцев Александр** къызэралъхурэ ильэси 103-рэ ирокъу.

♦Режиссер цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Ерчэн Леонид** къызэралъхурэ ильэс 88-р ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Инэрокъуэ Аллэ** къыщ1алъхуа махуэщ.

♦Щэрджэс еджагъэшхуэ, мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор **Тамэ Мухьэрбий** и ныбжьыр ильэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІэу щ1ыщ1ытынущ, уэшх къыщ1ещхьнущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 17 щ1ыхъунущ.

Зыхьэзэрар **ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Мариноу.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Къуэ зимыІэ адэр нысэлъхьхъу ежьэркъым.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 8, щэбэт

♦Хьыхэм я дунейпсо махуэщ ООН-м и Ассамблее Нэхьыщхьэм 2009 гъэм мазаем и 12-м кьышІэ унафэм ипкъ иткІэ ягъэтlапІэ.

♦Социальнэ лэжьакІуэм и махуэщ. УФ-м и Президентым 2000 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м Іэ зыщІидза унафэм ипкъ иткІэ ягъэуваш.

♦Карелие Республикэм и махуэщ

♦1661 гъэм Идар Темрыкъуэ и къуэрылъху Черкасский Муцал дунейм ехьжащ.

♦1943 гъэм Налшык фашистхэм я бийуэ интеллигенцэм и пкъ ІуащІэкІуэкІащ.

♦Мэкъуауэгъуэм и 8 - 11-хэм Ульяновск щ1ызэхэтынущ Урысей Федерацэмрэ Германиемрэ я къалэ-зэкъуэшхэм я XII конференц.

♦Совет Союзым щэнейр и ЛІыхъужь **Кожедуб Иван** къызэралъхурэ ильэс 93-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, Урысей артиадэм и лауреат **Махуэлі Хьаджэт** къыщ1алъхуа махуэщ.

♦Дунейм и къурш нэхъ лъагэ дыдэ Эверест дэкІа адыгэ бзылъхугъэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мэз Карин**э къыщ1алъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІэу щ1ыщ1ытынущ, п1алъэ-п1алъэкІэрэ уэшх къыщ1ещхьнущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 20-рэ, жэщым градус 14 - 16 щ1ыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 9, тхьэмахуэ

♦Текстиль, прошышленность псынщІэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1883 гъэм Москва тхьдэ музей къыщ1ызэІуахащ.

♦1935 гъэм Іуащхьэмахуэ и щ1ыгум гупыщхуэ яп дыдэу дэкІащ.

♦Яп урысей император **Петр Езанэр** къызэралъхурэ ильэс 341-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Чым Агнессэ** къыщ1алъхуа махуэщ.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и член-корреспондент **Блахьуэ Хьэзрэт** и ныбжьыр ильэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІэу щ1ыщ1ытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 22-рэ, жэщым градус 16 - 17 щ1ыхъунущ.

ЗэІущІэхэр ■ Гъэсэныгъэ ■ Щ1эныгъэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щ1эбэт къыдэкІыуэ ■ Малъхъэдис

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2013 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кІэпІейкІэ 32-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Мэшыкъуэ-2013

Псыхуабэ кІуэну загъэхьэзыр

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым «Мэшыкъуэ - 2013» кавказпсо щІалэгъуалэ зэхуэсым хэтыну жэрдэм зыщІахэр щы-зэхуэсащ.

ЩІАЛЭГЪУАЛЭМ екъэлІауэ къаІэт Іуэху щхьэпэхэм ящыщщ Мэшыкъуэ щы-Іэну зэхыхьэри. Мы гъэм абы Къэбэрдей-Балькъэрым игъэкІуэнущ цІыху 240-рэ.

Зэхыхьэр кІыззэшІыгъэпщэхэм зыхуагъэувыж кІалэнхэм ящыщщ щІалэгъуалэм я зэфІэкІыр щагъэлъэгъуэн утыку игъэхьэныр, абы кІиІэт Іуэхумкі акъылэгъуэ дэІэпыкъуэгъуэ кІиГъуэтыныр, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэныр.

ЗэлуцІэр кІыззэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и студент зэгучъэныгъэхэм я советым и унафэщІ Лу Азэмэт.

Ягъу псалъэ зрата КъБКъУ-м и проректор Къумыкъу Іэуес жиІащ кьахуеблэгъа хьэщІэ лъапІэхэр щІалэгъуалэм я мурадхэр зрагъэхъулІэныжмкІэ сэбэпышхуэ кьаІэрыуэхьунур. Абы папщІэ я лэжьыгъэхэр, проектхэр екІуу утыку зэрырахьэнум хуэдэу, хуагъэхьэзырын зэрыхуейр кьыхипэщащ.

КІэлыкІуэу кьэпсэльащ ЩІалэгъуалэ Іуэхухэмкі Федеральнэ агентствэм щІалэгъуалэм я проектхэр пхыпІэкІынымкІэ, щІыналъэхэр зэдгъэлэжьэнымкІэ къудамэм и унафэщІ Гопэ Александр. Абы жиІащ лэжьыгъэшхэр кьаІэрыпэщылъыр, «Мэшыкъуэ-2013» зэхуэхьэм ирахьлІэну проектхэм жылагъуэмкІи къэралымкІи нэхъ сэбэныр кьыхэпхыныр зэрымытынщынур. «Г» Іэмальфі дыдэ фІгъэщ фи мурадым Іэкіэ фытегъэбэну. Дэ жэрдэм зыщІ цІыху жыджэрхэм дахуэныкьэпщ, апхуэдэхэм Іэмал зэрилэкІэ защІэдгъэкъуэнущ», - кьыхигъэщащ абы.

- ЩІалэгъуалэ дахэ, акъылыфІэ диІэщи, абы хуабжьу сегъэгуфІэ. Ди гуапэщ мыпхуэдэ зэхьыхьэхэм хэтыну, я кьару кьыщагъэлъэгъуэну ди щІалэгъуалэ куэдым гупыж эрращІыр. Фи екъулІэныгъэхэм дагъэгуфІэ, дамэ кьыттрагъакІэ. Утыку ихьэну жиІащ зыщІамэ екъулІэныгъэфІхэр фиІэу кьэвгъэззжыну, ди щхьэр лъагэу щэтІтэтын щІалэгъуалэ дызэрикуэдыр иджыри зэ ди фІэщ фщІыжьыну дыфщогугъ, дэ ди лъэныкъуэкІэ ди кьару кьыхь демыблэжу зыфщІэдгъэкъуэну дыхьэзырщ, - жиІащ Налшык кьалэ администрацэм ЩІалэгъуалэ Іэхуэхэмрэ жылагъуэ зегучъэныгъэхэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ Бахтияровэ Евгение.

ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкі федеральнэ агентствэм и унафэщІ Казак Алексей утыкум кьыщрагъэблэгъам кьыззэхуэсахэм кьажриІащ ди республикэр фІыуэ зэрицІыхур, ар щІыналъэ дахащху кьыззэрилытэр.

- ЦІыхум я нэхъыфІыр щІипсэр Кавказырщ, фэрыщІыгъэ зыхэмылъ лъэпкъ къабзэу, хэкупсэу ахэр кьызэлытэ, - кьыпищащ абы. - Мы махуэхэм дыззэдгъэжьэнущи, ди кьару кьыхь кьэгъэнэнкьым, зымащІэкІэ нэхъ мыхьуми, фи гъащІэр нэхъыфІ зэрыфщІыным фыхуэдущиинщ. Сэ утыкум фыщІымышІыну, псэльэкІэ фщІэуэ, фи гупсысэр зэкІуу, дахэу кьыфхуэІуатэу фезгъэсэнщ.

Адэкі кьагъэпсэльар «ФОРСАЙТ» компанием и унафэщІ Шарапов Сергейщ. Абы жиІащ, Къэбэрдей-Балькъэрым и щІпэ кьакІуэми, занщІэу ар игу зэрырихьар. «Фи мурадхэм Іуэху пыухькІа кьаэтщІыкІынщ», - захуигъэзащ абы щІалэгъуалэм.

Мэшыкъуэ кІуэн мурад зиІэхэм я лэжьыгъэр убзыхуэ зэрыхьунум теухуауэ хагъэгъуэзащ. Абы кьрихьэлІахэр гупитхуу ягуэшри, кьрагъэблэгъа Іэщ1агъэлІ хьэщІэхэм я мастер-классхэм щІагъэсащ.

ЗэлуцІэхэр махуищкІэ екІуэкІащ, ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэхэр зэрырагъэфІэкІуэну чэнджэщхэр кьрату.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **ЕЛЬКЪЭН Артур** *трихащ.*

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Нэхъ мащІэ щохъу

Къэбэрдей-Балькъэрым лэжьыгъэмкІэ и рынокым зэрыщатхамкІэ, мы гъэм щІыщылъэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ накьыигъэм и 31 пшІондэ щІыху 7557-рэ республикэм Іэнатіэншэу кьыщалъытащ. Мэкъуауэгъэм и 1-м ирихьэлІэу лэжьапІэншэхэм я бжыгъэм, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ,1284-рэ кІэрыхуащ икІи 8822-рэ мэхъу. Къэбэрдей-Балькъэрым Іэнатіэншэу щатхыр лэжьэфыну исым и проценти 2,3-м нос.

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ мы гъэм и щІышылэ - накьыигъэ мазэхэм кІриубыдэу Іэнатіэ хуиту 3635-рэ абыхэм зэрыхуагъэлъэгъуар. Иджыпсту ахэр 2852-рэ мэхъу.

Іэнатіэ хуитхэм я процент 79,2-р рабочэ Іэщ1агъэщ. 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу апхуэдэ зы лэжьапІэм цІыхуи 3,2-рэ щІыхуоэз.

ШЫД Къэрэщей.

● Бюджетхэр

Хуэдэ 1,3-кІэ щІегъу

Мы гъэм и щІышылэ - мэлыжьыхь мазэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и бюджет лІэужьыгъуэ псоми налогрэ нэгъуэщІу кьыхахьу сом меларди 3-рэ мелуан 569-рэ хуэщІагъэуІуащ. Ахэр нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм хэхъуэу ялам хуэдэ 1,3-кІэ щІегъу.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм финанс Іуэухэмкі и кьудамэм зэрыщыжалаІмкІэ, кьаІэрыхьа хэхъуэм щыщу сом мелуан 685,1-рэ федеральнэ бюджетым хухахащ. Ар гъэ кІуам и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ хуэди 3, 1-кІэ нэхьыбэщ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и бюджет зэхэтым и налог хэхъуэхэр щІыщылэ-мэлыжьыхь мазэхэм сом меларди 2-рэ мелуан 889,9-м нэсащ. А бжыгъэри нэгъабэ мазиплІым зэрыхьуам процент 15,6-кІэ щІегъу.

БАЛЬКЪЭР Зитэ.

● ЩІэныгъэ

ЩІэх-щІэхыурэ зэІэпах

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым мы махуэхэм лэжьыгъэ Іэухукіэ кьыхуеблэгъащ Тыркум и Кьуихьэпіэ Курыт техническэ университетым и кьудамэм и лІыкІуэхэр. Профессорхэу Таймаз Эролрэ Шикахвэ Мухьэмэдрэ, тІури лъэпкькІэ щапсыгъщ, зыхэта делегацэр гуапэу иригъэблэгъащ КъБКъУ-м и ректор Къэрэмырзэ Барэсбий.

МЫБЫХЭМ я зэлуцІэм щытепсэльыхьащ зэрызэдэлэжьэну щІыкІэм икІи зэгурыІуащ зэгъусэу щІэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкІуэкІыну, кьэхугъэныгъэ гъэщІэгъуэнхэмкІэ зэдзгуэщэну. Апхуэдэу мы зэлуцІэм языныкъуэ ди егъэджакІуэ-щІэныгъэлІхэм Іэмал кьаритынущ Тыркум и еджапІэ нэхъыщхьэм піалъэкІэ щылэжьэнхэу, езыхэм яІэр КъБКъУ-м кьакІуэу лъэныкъуитІри егъэджэныгъэм и щэхуэмкІэ зэдзгуэшэну. Іэмалыфіхэр егъэджакІуэхэм я мызакъуэу, аспирантхэми студентхэми ягъуэтынущ.

Хьэщ1эхэмрэ бысымхэмрэ кьищынэмыщІауэ, зэгурыІуащ щІэныгъэ лэжьыгъэ нэхъ гъэщІэгъуэнхэм ятеухуауэ кьыдагъэкІ тхыльхэри щІэх-щІэхыурэ зэІэпахыным, щэнхабзэ и лъэныкьуэкІи зэдзлэжьэным теухуауэ. Тыркум кьикІа хьэщІэхэм кьыжаІащ КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий зи пашэ щІэныгъэлІ гуп езыхэми мыгувэу яхуеблэгъэну зэрагуапэр.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Гъэсэныгъэ

Гъуазэ яхуэхъуа уэрэдхэр

Кьыдэкіуэтей щІэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэным теухуауэ кьыхалъхьа мазэ лэжьыгъэр йокІуэкІ.

МАЙ кьалэм дэт курыт еджапІэ № 14-м абы ипкъ иткІэ кьыщызэрагъэпэщащ, «Уэрэд жыдбгъэІэ, ныбжьэгъухэ!» фестивалыр. 1996 гъэм кьыщыщІэдзауэ илъэс кьэ ирагъэкІуэкІ мы Іуэхугъуэм и фІыгъэкІэ творческэ зэфІэкІыфІ зиІэ ныбжьыщІэ куэд утыку кьраш1ащ.

Сабий-ныбжьыщІэ гупхэм гукъынэжу ягъэззащІащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм яуса уэрэд щІэрыІуэхэу «Гъатхэ блэкІар», «Си Урысей», «Урысейм и лІыхъужьхэр», «Хафэ кьащхьэм щызекІуэ пщэхэр», «Фронт гъуэгуанэ», нэгъуэщІхэри. Апхуэдэу ездакІуэ щІыкІуэхэм ягъэлъэгъуащ «Кьрухэр», «Кьухьэпіэ пщэпльэ», «Урысей» фІэщыгъэхэм щІэт литературэ-макъамэ теплъэгъуэхэр.

Фестивалым хэта уэрэджьакІуэ гуп псоми щІыхь тхыльхэр иратащ. Абы и кьэпщытакІуэ гупым хагъэхьат щІыпІэ администрацэм щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкі и кьудамэм, ЩІэнхабзэмкІэ унэм, кьэзакьэм я зэгурыІуныгъэ и унафэщІхэр.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.

● Семинархэр

Къэралыр шэсыпІэу яхуоув

Республикэ, федеральнэ бюджетхэр я щІэгъэкъуэну ахьэрыфтыщІэ Іэнатіэ цІыкІуэм папщІэ Іэрч районым кьыщызрагъэпэща муниципальнэ фондыр 2007 гъэ лъандэрэ мэлажьэ. А зэманым кьриубыдэу сом мелуан 41,7-м хуэзэ заем мыину 151-рэ абы итащ.

РЕСПУБЛИКЭ, федеральнэ бюджетхэм я хьэкъкІэ муниципальнэ программэхэм мылъку щыхухах зэпеуэм районым администрацэр нэгъабэ хьэхьащ. Абы ипкъ иткІэ, субсидиеу кьрата сом мелуани 6,9-р фермер щІэзыдзагъащІэхэм гранту хуагуэщащ. Грантхэр 50 мэхъу. ЩІыпІэ бюджетри а Іуэхум сом мелуанкІэ хэуващ.

Муниципальнэ районым и налог Іэнатіэхэм зэрыщатхамкІэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэу 1560-рэ, предприятэ цІыкІуэр курыту 116-рэ яІэщ.

Хьэрычэтыщ1э Іэнатіэ мыинэмрэ курытхэмрэ я лІыкІуэхэм я зи чэзу семинарыр иджыблагъэ Тэуэ кьалэм щрагъэжьэнкІащ. КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм кьыззригъэпэща зэІуцІэм хэтащ Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэм, «Къэбэрдей-Балькъэрым и ШэсыпІэ фонд» мыкоммерцІэ организацэм, кьалэм цІыкІуэхэм лэжьыгъэ кьахуэзыльыхьэу и центрым, «Урысейм и Мэкъумэш банк», «Урысейм и Хьэмпі1э банк» ОАО-хэм я Іэщ1агъэлІкъэр, куейм и хьэрычэтыщІэ Іуэхущ1апІэ цІыкІуэхэм защІэгъэкъуэнымкІэ муниципальнэ фондым щыщхэр.

Кьызэхуэсахэр хагъэгъэзащ бизнес мащІэм зегъуэжьыным, абы мылькуКІэ зыщІэгъэкъуэным теухуауэ зэфІагъэкІэм, мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэ щхьэхуэхэм субсидиехэр зэрыхуахах хабзэхэм, щІыпІэм щагъуэт дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдэм. Кьапщтэмэ, республикэ программэ хэхахэм ябгъ иткІэ, 2011 - 2012 гъэхэм апхуэдэ Іуэхущ1апІи 4-м Къэбэрдей-Балькъэрым и ШэсыпІэ фондыр сом мелуан 46, 27-кІэ щыхьэту яхуэващ, абы и фІыгъэкІэ, мэкъумэш хозяйствэмрэ ухуэныгъэмрэ я Іэнатіэхэм банк кредиту сом мелуан 69,5-рэ кьыщагъэсэбэпащ.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

● Май куей

Дэтхэнэ зыри ягъэгуфІэ

Полимер кьабзэхэм щелэжьыну «Этана» заводым и уху1ныгъэм и етІуанэ Іыхьэм мэкъуауэгъэм и 8-м щІадзэнущ. Мы инвестицІэ проект иным экономикэм зригъэужьыным и мызакъуэу, а щІыпІэм пэгъунэгъу жылагъуэхэм я социальнэ Іэнатіэхэри иригъэфІэкІуэнущ.

КЪРАГЪЭЖЬА предприятэм и унафэщІ Іэщ1ын Сергейрэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыпІэ кьудамэм и лІыкІуэхэмрэ Октябрьскэ поселкэм, Сарскэ, Пришиб-Балькъ кьутырхэм щыщ сабийхэр иджыблагъэ ягъэгуфІащ. Май кьалэм Щэнхабзэмкі и унэм и гупэм дежь абыхэм щыхуагъэхьэзыра нэгузегъэужь Іуэхугъуэхэм ныбжьыщІи 100-м щІигу хэтащ. Шар гъэпщащэмкІэ, тыгъэхэмкІэ, фІыуэ ялъагъу морожнэхэмкІэ дэтхэнэ сабийри ягъэгуфІащ.

Май муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Гимнаст ныбжьыщІэхэм уатхьакъу

«Налшык» спорткомплексым щекІуэкІащ художественнэ гимнастикэмкІэ КъБР-м и чемпионат зэІуха. «Динамо»-р - республикэм и сабийхэм» акцэм хиубыдэу кьызэрагъэпэща зэпеуэр хуэгъэпсат а спорт зэгухьэныгъэр ильэс 90, республикэм и художественнэ гимнастикэр ильэс 40 зэрырикъум.

АБЫ хэтащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыщ пщащэу 150-рэ. Чемпионатыр кьыщызэІуахым кьрихьэлІащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн, Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ Сумаев Ахьмэт, къэрал кІуэу Іуэхуэхэмкі министру КъБР-м щІыпІэм и кьуэдзэ, полковник Залиханов Кьанщобий, «Динамо» щІыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщІым и кьуэдзэ Фролов Сергей, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыныжмкІэ и кьудамэм и унафэщІ Миновский Владимир. Зэхьэзэхуэм хэт сабийхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ АфІэунэ Аслъэн.

Махуитікіэ екІуэкІа зэпеуэм екъулІэныгъэ щызыІэрызыгъэхьаэм щІыхь тхыльхэр хуагъэфэщащ. Зэхьэзэхуэм хэта дэтхэнэми саугъэтэр иратащ. Ди спортсменкэ ныбжьыщІэхэм ящыщу чемпионатым текІуэныгъэ кьыщ1ащ Короткова Елизаветэ, Бабьевэ Валерие, Пельц Алинэ, Битокъу Алинэ, Хьэцікьыку Андэ сымэ. Гимнастхэхэм зыщагъасэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм Сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ творчествэмкІэ я республикэ унэм.

МЫРЗЭКЪАН Дисэ.

Зи хъуэпсапІэхэр дахэ

Цыхур и Іэщ1агъэм щыхуэфащэм деж и зэфІэкІхэри куэд мэхъу. Зи гупсысэкІэ, зи кьэгъэщІыкІэ зиІэж цІыхумрэ абы и лэжьыгъэмрэ щызэхуэдэрэзыжкІэ, гъащІэм псэ мыззышьж кьыхохьэ.

И Іэнатіэр кьигъуэтыжын, и псэм хьыхэн Іэщ1агъэ кьыхихын папщІэ, гъащІэм и гъуэгу зыбжанэ зэпечащ Урысейм спортымкІэ и мастер, Налшык щыІэ «Дайдзи» спорт клубым карате кюкусинкайимкІэ и тренер, Шэрджэс Заурбэч зи унафэщІ Специализированнэ спорт школым щылажьэ Къэрмокъуэ Амурбэч. Ар кьызыхэкІа унагъуэми спортыр и хамэкьым - и адэр бэнэкІэ хуитымкІэ мастерщ. Нобэ Амурбэч ди хьэщІэщ.

СИ адэр бэнэкІэ хуитым хуэзэзэти, сэри абыкІэ кьыщІэздза хьуащ. Сыдихьэхырт, ерыщу абы зыхуэзгъасэрт. Иужькіэ, си ныбжьэгъу щІалэхэм я гъусэу, каратем сыхьихьащ. Абы зэуэ сызыщІишат. Уеблэмэ, а спорт лІэужьыгъуэм зыщеспщІытауэ щыта махуэр сощІэж - 1991 гъэм мэлыжьыхьым и 12-р.

Спортыр Іэщ1агъэ схуэхьун и пэ еджапІэ зыбжанэ кьызззэнэкІащ. Мэкъумэш академием и инженер, КъБКъУ-м и юридическэ къудамэхэр кьэзухащ. Юрист Іэщ1агъэм ильэс зыбжанэкІэ срилэжьащ. Сыщещи, сыщылажьи спортыр Іэщ1ыб сщІакъым. Сызыпэрыувэ Іуэхум ари дэзгъакІуэрт. Иужькіыуэкіэ, Волгоград диплом плъыжькІэ кьыщ1ызухьжащ спортымкІэ кьэрал академие нэхьыщхьэр. 2001 гъэм спортым щызыІэрызгъэхьа екъулІэныгъэхэр кьалытэрэ, Урысейм спортымкІэ и мастер кьысфІащащ. А гъэ дыдэм тренер Іэщ1агъэм сыпэрыуващ.

- Зыщыбгъасэмрэ тренер Іэщ1агъэмрэ нэхъ гугъу?

- Бгъэсэну куэдкІэ нэхъ гугъущ. Сэ езыр зэхьэзэхуэхэм сыщІыхэтхэм сеэзыщытэкъым, гугъу сехьми, псынщІэ дыдэу спкърыкІыжькІырт. Иджы аракьым. Си гъэсэнхэр зэпеуэ сшамэ, абыхэм щхьэкІэ сыгузавзэрэ кьарури нэхъ сщІокІ. Зэхьэзэхуэр иухыу кьрикІуэхэр наІуэ кьащІыху, си гум псэку ищІэркьым. Махуэ бжыгъэ токІуадэ дэтхэнэ зэпеуэми кьысхилъхьэ гугъуехьыр спкърыкІыжькІи щхьэкІэ. Куэд мэхъу узыгъэпІейтейр: си гъэсэным хуэфэщэн уВыпІэ кьыльамыгъэсамэ, кьиІэжь гупльитэ кьыхуамыщІамэ е езыхэм сыкъагъэщІэхьуамэ. ДыкъежьІуэлІэжа нэужь щыуагъэу яІэщІэкІахэр, зэфІэкІыу кьызыкъуахахэр кьызольытэжри, тетрадым изотхэ. Иужькіэ, щыуагъэхэми долэжьыж. Си гъэсэнхэм я дэтхэнэ лъэбакъуэри си гумрэ йожалІэ. Сэ ахэм сабгъэдэтыфыркъым тренер къудейуэ, ныбжьэгъуи сахуоху. Си унагъуэ изошэ, я унагъуи сохьэ, махуэшхуэхэр зэдыдогъэльапІэ, ерыскъы зэдыдошх.

- Фи клубым и зэфІэкІхэм я гугъу кьытхуэпщІамэ ди гуапэт.

- Мы гъэм ильэси 10 ирикъуащ «Дайдзи» спорт клубыр. А зэманым кьриубыдэу си си гъэсэнхэм кьахэкІащ спортым и мастеру тху: ШынтІыкьау Аскэр, Иуан Азэмэт, Лу Таймураз, Аветисян Нарек, Лыджыдэ Азэмэт сымэ. СпортымкІэ мастерым и кандидату цІыху тІощІым нэс диІэщ. Урысейм екъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьащ ди гъэсэн куэдым. КьыхэзгъэщІыну си гуапэт Быдэ Юрэ, Іэтэ Ислъам, Шурдым Темболэт, Мэршэнкьул Кьантемыр сымэ зэфІэкІ лъагэхэр щІэх-щІэхьуэрэ кьызэрагъэльагъуэр.

Си гъэсэн нэхъыщІэхэми сахуэарэзыщІ. Абыхэм яхэтщ республикэм текІуэныгъэ кьыщызыхьахэр, КІФЩІ-м екъулІэныгъэхэр щызыІэрызыгъэхьахэр, Аскэр, Иуан Азэмэт, Лу Таймураз, Аветисян Нарек, Лыджыдэ Азэмэт сымэ. СпортымкІэ мастерым и кандидату цІыху тІощІым нэс диІэщ. Урысейм екъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьащ ди гъэсэн куэдым. КьыхэзгъэщІыну си гуапэт Быдэ Юрэ, Іэтэ Ислъам, Шурдым Темболэт, Мэршэнкьул Кьантемыр сымэ зэфІэкІ лъагэхэр щІэх-щІэхьуэрэ кьызэрагъэльагъуэр.

Си гъэсэн нэхъыщІэхэми сахуэарэзыщІ. Абыхэм яхэтщ республикэм текІуэныгъэ кьыщызыхьахэр, КІФЩІ-м екъулІэныгъэхэр щызыІэрызыгъэхьахэр, Аскэр, Иуан Азэмэт, Лу Таймураз, Аветисян Нарек, Лыджыдэ Азэмэт сымэ. СпортымкІэ мастерым и кандидату цІыху тІощІым нэс диІэщ. Урысейм екъулІэныгъэхэр щызыІэрагъэхьащ ди гъэсэн куэдым. КьыхэзгъэщІыну си гуапэт Быдэ Юрэ, Іэтэ Ислъам, Шурдым Темболэт, Мэршэнкьул Кьантемыр сымэ зэфІэкІ лъагэхэр щІэх-щІэхьуэрэ кьызэрагъэльагъуэр.

- Си мурадхэмрэ хьуэпсапІэхэмрэ уи Іэщ1агъэм епхауэ кьыщІэкІынщ...

- Си хьуэпсапІэщ Урысейм щыхь зиІэ и тренер сыхьуну, си гъэсэнхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и щІэр фІыкІэ зыгъэІуи спортсменхэр кьахэкІыну.

- Упсэу, Амурбэч! Уи мурад дахэхэр, уи Іэщ1агъэм екъулІауэ уиІэ хьуэпсапІэхэр кьохьулІэну, ноби хуэдэу уи гур зэІухауэ насыпыфІэу лъэгапІэщІэхэм унэсмэ ди гуапэщ.

Епсэльар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

● Шахматхэр

Пенсионерхэр зохьэзохуэ

Іуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ куейхэм я пенсионерхэр шахматхэмкІэ зэхьэзэхуащ. Ар щекІуэкІащ Балькъ Іуфэ Іут «Пшэплъ плъыжьхэр» зыгъэпсэхупІэм.

КОМАНДИТІРИ лъэщу зэрыджэгум кьыхэкІкІэ, щызэрытемыгъакІуэр нэхьыбэт. Ауэ, и кІэм Дзэлыкъуэ куейм и спортсменхэм бжьыпэр яубыдащ. Зэхьэзэхуэм и шахматист нэхьыфІ щыхьащ тырныауэдзэ Лобив Василий.

Пенсионерхэм зэгухьэныгъэм и жэрдэмкІэ мыпхуэдэ зэпеуэр ильэс кьэс ирагъэкІуэкІ. КьызэгъэпэщакІуэхэм я мурадщ щІалэгъуалэри шахматхэм драгъьэхьыну. «Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм я зэфІэкІ щызыІгъэльэгъуэну щІалэгъуалэ командэхэр кьызэгъэпэщыпхъэщ. Сыту жыпІэмэ, нэхьыжьхэм я деж фІыуэ зыщІбгъэсэфынущ,- жиІащ Теппеев Шаухал. А гукъэкІыр кьызэхуэсахэми даІыгъащ. Дзэлыкъуэ куейм щыІэ Пенсионерхэм я союзым кьудамэм и унафэщІ Урысмамбэт Шэфихь зэІуцІэм кьрихьэлІахэм фІыщІэ хуиащ, узыншагъэ яІэну, гъащІэ кІыхь кьагъэщІну екъуэхьуащ. Зэхьэзэхуэм хэтахэм щІыхь тхыльхэр, саугъэтхэр иратащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Зэхыхьэхэр

Ныбжьыщ1эхэм я къэк1уэнум телажьэхэр

Сабийхэмрэ ныбжьыщ1эхэмрэ творчествэмк1э я республикэ унэр кьыз3ырыз1ухэрэ ильэс 28-рэ зэрырик1ыр ягъэльэп1ащ.

1УЭХУЩ1АП1Эм и пщ1ант1эр ныпэ, удз гъэгъа, шар зэмыфэгъуэхэмк1э ек1уу ягъэщ1эрщ1ат. Абы сабий уэрэдхэри кьыщы1урт. Махуэшхуэм иращ1эк1а зэхыхьэр езыгъэк1уэк1ахэу **Реуцкий Сергейрэ Пщ1ыкI Дианэрэ** кьыз3ыхуэсахэр хагъэгъуэзащ1 1уэхущ1ап1эм и тхыдэм.

Ар кьыщокъэ Унэр кьыщыз3уаха 1985 гъэм. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр тэмэму кьыз3ырагъэпщ1ащ пашэ, 1уэхущ1ап1эм и1эщ ц1ыкIамахуэ хадэ, библиотекэ, музей, спорт з3ыщ1эхэр щек1уэк1, кьыщыф3э, компьютерхэр зыщ1эт, щрагъаджэ пэщхэр. Абы цыху 220-рэ щолажьэ. Абыхэм ящыщу 125-р егъэджакIуэщ, 30-р методистщ. К1ыщынэмыщ1ауэ, психологрэ юристрэ я1эщ. ЕгъэджакIуэ куэдым щ1эныгъэ нэхъыщхьэ, «УФ-м щ1ыхь зи1э и егъэджакIуэ», «КъБР-м щ1ыхь6 егъэджэныгъэмк1э и отличник», «УФ-м щ1ыхь зи1э и артист», «КъБР-м щ1ыхь зи1э и артист», «КъБР-м и щ1ыхь6 артист», «КъБР-м щэнхабзэмк1э щ1ыхь зи1э и пэжакIуэ» щ1э ль1ап1экIэ я1эщ, щ1эныгъэхэм я докторхэр, профессорхэр, кандидатхэр яхэтщ. Зэманым к1ыгъэув Iэмалыщ1экIэр егъэджэныгъэм к1ыщагъэсэбэп, я щ1эныгъэм хагъахъуэ.

Сабийхэмрэ ныбжьыщ1эхэмрэ творчествэмк1э я республик1э унэм и jэжьыгъэр унэт1ныныгъэ зыбжанэзу з3ащхьэщок1. Апхуэдэщ, псалъэм папщ1э, щ1эныгъэ-къэхутэныгъэ кьудамэм иригъэк1уэк1 дерсхэр (тхыдэ, урысыбзэ, урыс литературэ, инджылызыбзэ); олимпиадэ, ЕГЭ-хэм щыхуагъэхьэзырыр, медицинэр, химиер, биологиер, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр щрагъаджэр; макъамэм, кьафэм, прикладной гуэзаджэм, художественэ гимнастикэм щыхуагъаСэр; туризмэм, лъахэхутэм, методикэ лэжьыгъэм, курыт школым щыхагъэгъуэзэ кьудамэхэр, нэгъуэщ1эхэр.

Унэр 2011 гъэм щыщ1эдзауэ «Къэхутак1уэхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухэзыгъэм и щ1ынальэ кьудамэм хэтщ, Урысеим и щ1ынальэхэм щы1э егъэджэныгъэ Iуэхущ1ап1э нэхьыфIи 100-м хохьэ. Абы и гъэсак1уэхэр зэрырагъуэ екъуI1эныгъэм хэльхьэныгъэфI хуэзыщ1ын щ1эблэ дгъэсэныр, - жи1ащ абы. - Республикэм и унафэщ1хэм, къэрал Iуэхущ1ап1эхэм, сабийхэм я адэ-анэхэм фIыщ1э яхудощ1 ди лэжьыгъэр ефJэк1уэн папщ1э кьыз3ыддзI3пыкьым щхьэк1э.

Утыкум ирагъэблагъэащ республикэ, урысейпсо зэпеуэхэм, фестивалхэм, олимпиадэхэм, конференц зэхуэмыдэхэм пашэ щыхьуа, Iуэхущ1ап1эр зэрыгушхуэ гъэсэнхэр. Апхуэдэхэт, «Щ1алэгъуэ. Щ1эныгъэ. Щэнхабзэ» урысейпсо конференцым и лауреатхэу Уэрш3кыдыгъу Мадинэ, Пщ1ыкI Къантемыр, Притаманов Вадим, К1ыщ Маринэ, Сэхъу Арсен, Щэрджэс Данэ, Сонэ Гелянэ, К1уэ Маритэ, «Сигма» республикэ конференцым щытек1уаХэу К1ыалмыкъ Инал, Бахьуэ Тамерлан, Тхьэмокъуэ Аминэ, УФ-м и Президентым и саугъэтыр зыхуагъэфащ, урысейпсо Iуэрыlуатэ фестивалым я1э щыхьуа Мэшыкъуэ ФатIимэ, художественэ гимнастикэмк1э Коротковэ Наталье и гъэсэнхэу республикэ, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм къыщыхэжаныкIахэр, нэгъуэщ1хэри.

Сабийхэм я хуитныгъэхэмк1э уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щы1э **Iуэгъуэ Светланэ** и псальэм кьыхирэщащ ныбжьыщ1эхэм я зэфIэк1хэр кьахутэн, абыхэм зрагъэужьын, гугъуехьхэм щымышынэу, жэуапл1ныгъэ я1эльу кьагъэзыхун и льэныкъуэк1э Iуэхущ1ап1эм и гъэсак1уэхэм куэд зэралэжьыр. Светланэ егъэджак1уэхэмрэ гъэсэнхэмрэ ехьуэхьащ узынщагъэ, екъулIэныгъэ, дэрэжэгъуэ я1эну.

КъБР-м и Парламентым Щ1алэгъуалэм я Iуэхущхьэ, жылагъуэ зэгухэзныгъэхэмрэ хьыбарегъащ1э Iэнат1эхэмк1э и комитетым и унафэщ1 **Хьэщ-хьуэжь Татьянэ** жи1ащ ныбжьыщ1эхэм я щ1эныгъэм хагъэхъуэн, лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмк1э заужьын папщ1э мы Iэнат1эм мыхьэнэшхуэ зэрИIэр. Апхуэдэущ, Хьэщ1ихьуэжьыр Iуэхущ1ап1эм и унафэщ1 Къаншокъ Къарэ, егъэджак1уэхэм, ныбжьыщ1эхэм я адэ-анэхэм екъуэхьуащ.

Махуэшхуэм кьрихьэла хьэщ1эхэм папщ1э «ЗэныбжьэгъуГэм и къафэр» пщ1ант1эм щагъэзэщ1ащ. Iуэхущ1ап1эм и къэфак1уэхэмрэ уэрэджы1ак1уэхэмрэ концерт гукъинэж ятащ. Абы хэтащ «Глория», «Асса», «Кавказ пшэпльэр», «Пшынауэхэм я ансамбль» гупхэр. Концерт нэужьым пионерхэм я мафIэр зэщ1агъэнащ.

ТЕК1УЖЬ Заретэ.

Iуэхуф1хэр зэф1агъэк1

Москва и Хьэщ1эщ пщ1ант1эм, Лъы зытхэм я дунейпсо махуэм ирихьэл1эу, а псапащ1э Iуэхум зегъэужьыным эм гущ1э хэзылыхьэм ильэс кьэс зэрыхуэупсэ «СоУчастие» саугъэтыр зыхуагъэфэщахэм щратыжащ.

КЪЭПЩТАК1УЭ гупыр хэпльащ Урысей Федерацэм и хэгъуэгу 39-м я лэжьыгъэхэм. НэхъыфIы кьагъэльэгъуахэм яхэтщ Къэбэрдей-Балькъэрым щылажьэ «М Драйв» жылагъуэ зэгухэзныгъэр. «Ягъэззэщ1а проектхэр» унэт1ныныгъэмк1э абы ет1ынэ уваупIэр кьыхуагъэфащащ.

«СоУчастие» саугъэтыр 2010 гъэм ягъэуващ УФ-м и Жылагъуэ палатэм лъы тынкIэ кьызэрэгъэщ1ынымк1э, зегъэужьынымк1э, абы щыхуэхэр кьыхуеджэнымк1э и Зэзыгъэуу центрымрэ Уэзышагъэр хьуэмэн Iэнат1эм зегъэужьынымк1э льэпкь фондымрэ. Апхуэдэ Iуэху щхьэпэр зезыхуэхэр тегъэгушхуэным хуэунэт1ауэ Урысейм а зы саугъэтырыр щы1эр.

«М Драйв» жылагъуэ зэгухэзныгъэм кьыхилхьа «Лъы зыт щ1алэгъуалэм я урысейпсо махуэ» Iуэхур кьыдаIыгъри, 2011 гъэм гъащ1эм хэпща хьуащ. Иджы фокIадэм и псапащ1э Iуэхум зегъэужьыным я урысейпсо махуэр зрагъэльэп1энщ.

- Псом я1эпэ фIыщ1э яхуэсщ1ыну сыхуейщ лъы тынымк1э екIуэк1 Iуэхуэхэм жыджэру хэтхэм, абы ди къэралми нэгъуэщ1 щыналъхээми зыщегъэужьыным зи гущ1э хэзылхьэхэм. Мы зэманым Урысейм и щ1алэгъуалэр зэкъуэту Iуэхуф1 зэращ1эным хущ1окъу, - жи1ащ «М Драйв»-м и унафэщ1 Байсиев Темыржан.

Фигу къэдгъэк1ынщи, Къэбэрдей-Балькъэрым нэхъапэк1и кьыхуагъэфащауэ щыгъаз «СоУчастие» саугъэтыр. 2011 гъэм «М Драйв» жылагъуэ зэгухэзныгъэр «Зыри къыз3ыфIэмыIуэху къытхэтхьым» унэт1ныныгъэм къыщыхэжаныкIауэ щы1ащ.

ПЩЫГЪУЭШ Iэсият.

● Ди нэхъыжьыфIэр

Зи пщ1эр лъагэ Зэк1уий Урысхъан

Дзыхь кьыхуащ1 дэтхэнэ Iэнат1эри езыгъэфIак1уэ, лэжьыгъэри зыхуей хуэ3эу зэфIэз3ых, зи дуней тетыкIэжи гупсысэжк1и пэрыт щы1ум жылагъуэм дапщэщи пщ1э льагъ щи1эщ. Апхуэдэу кьальитэ Ерокъуэ къуажэм щыщ Зэк1уий Урысхъан Аслъэн и куэр.

Зэк1уий Урысхъан и щ1алэгъуэм.

ЗЭК1УИЙМ и сабиигъэри и щ1алэгъуэри кьаралым и тхыдэм щыщ лъэхъэнэ гугъуэхэм хиубыдащ. Ахэр ирихьэл1ащ л1эщ1ыгъуэ блэжьам и 30-40 гъэхэу псэукIэщ1ам и льабжьэр щагъэтIылъамрэ Хэку зауэшхуэм и ильэс лыгейкэмрэ. Апхуэдэ гугъуехьхэм и гур ираудыфакьым щ1алэщ1эм. Кьуажэм дэт курыт школыр екъулIэныгъэк1э кьиуха нэужь, абы егъэджакIуэ I3щ1агъэр зригъэгъуэтащ и к1и адыгэбзэмрэ литературэмрэ я1эщ. Ижьыдэ Урысхъан щы1эжьащ консерваторэр щащ1у Ерокъуэ дэт заводым и хьуманI3м и унафэщ1у. Цыху пэжым зыпэрагъуэвэ дэтхэнэ Iэнат1эри жэуапл1ныгъэ пылъу ирихьэк1ащ, жылэр кьыхуэарэзыуэ.

Лэжьыгъэм щ1ал1ыкIа, ар псэ хьэлэлу езыхьэжьыну щыта цыхур зэи Iуэхунэзу пхущысыкнукъым. И ныбжь нэсу пенсэ кIуа нэужьи, цыхуэм яхэту, щ1эблэр нущи1уэ еса Урысхъан я кьуажэм щек1уэк1 жылагъуэ Iуэхуэхэм жыджэру хэтщ. Хабзэ, нэмысыншхуэ зыхэлъ ныкъыкIыфIыр яхуэнабдзэгубдзапльэщ щ1алэгъуалэм, абы хэм я дуней еплIык1эмрэ гупсысэжк1эмрэ зыщегъэгъуазэ, чэнджэщ Iущхэр, ущие пэжкэр ярет.

«Адыгэ псалъэ» газетым и ныбжьэгъуфIщ Урысхъан. Зы ильэсри къыхэкIыжьащ абы ди газетым Iэ щ1имыдзэу, абы къиIэт жылагъуэ Iуэхуэхэм хэмылIыфIыхьу. Ильэс зыбжанэ и пэк1э Урысхъан кьихьэхуауэ щы1ащ газетым Iэ тезыщ1эжьащ папщ1э яГъэувэ саугъэт нэхъыщхьэр - телевизорыр. Абы щы1эуэ я нэхъыжьыфIыр кьедгъэблагъэуэ щытащ «Адыгэ псалъэм» и хьэщ1эщым ик1и нэхъ гъунэгъу зэдгъэщ1эныхэт.

Зэк1уийм унагъуэ дахи и щ1ыбагъ кьыдэтщ. Абыр3 и щхьэгъусэ Люсэрэ бынищ зэдап1ащ, дэтхэнэрэ гъащ1эм Iэуагъу пэж щытрагъэуващ. Мурат, Аринэ, Альбинэ сымэ зэрыпсэуун Iэщ1агъэ, щ1эныгъэ я1эщ, унагъуэ щхьэхуэ хьужакъу, я нэхъыжьыфIэр яГъэгушхуэ.

Ижьыдэ и ныбжьыщ1ащ1эм и ильэс 80 ирикъуащ. Нэхъыжьыфым, ушэгъ к1уэ и нэсым, чэнджэщэгъу Iущым дохьуэхьу и узынщагъэрэ и гуащ1эрэ мыкIуэщ1у, быным, абыхэм я щ1эблэм я насыпым и псэр игъэнэхуэ и гум екъуэбыл1эу, и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэкъуэмыкIуу кьэдгъэпсэуну. Дэрэжэгъэрэ гукъыдэжрэ я куэду, гуаузр апэ1эщ1эу, я дунейр дахэу, я пщ1эр льагэу, я унагъуэ жьэгур мыкъжьыкIу кьащ1эхъуэ щ1эблэм куэдрэ Тхьэм ящхьэщигъэт.

ЖБЛАСЭ Маритэ.

● Iуэху еп1ъыкIэ

Нэхъыжь-нэхъыщ1эк1э

Нэхъыжьхэмрэ щ1алэгъуалэмрэ я зэхуаку куэдрэ зэгурымыIуэныгъэ кьыдоху. Лъыныкъуит1ми загъэзахуэ.

• ЕУЕЙ, иджырей щ1алэгъуалэри...», жа1эу зэхьдох. Я зыхуэпэ, я псэлъэ, я зыщ1ыкIэ теухуауэ я абыхэм яхуэшхыдэр куэд мэхъу. Пэжщ, гъэсэныгъэм1э иримыкIуахэр мащ1экъым. Ауэ... Нэхъыжь-нэхъыщ1эк1э Iуэхум убгъэдыхьэрэ щ1эм щ1апкъэ» зыгъахьан хуей нэхъыжьыIуэхэм я дежк1э кьыщыщ1эбдзэмэ-щэ?! Абыхэм дак1эльпп1ыным гугъущи дыдекьынукъым, цыхуб6 транспортым утIыпсхьэрэ кьэзывыIэп1э зытхухьэм кьриубыдэ гъуэгуанэ зэпыпчмэ аращ.

«Нэхъыщ1эхэр кьэтэджу дагъэтIысыркъым», - жа1эу абы щотхъэусыхэ. Хэти кьэтэджыркъым, хэти кьэтэдж. Ущрохьэл1э мыпхуэдэ теплъэгъуэ: Ипхъу багли и гъусэу кьитIысхьа цыхубзыр игъэтIысыну «зыгуэрым» ипхъу кьэтэджамэ, а тIысып1эр ягъэзыну зыхуэзыгъэфэщэжкIи.

Марушуткэ кIуэщ1ым щрагъэжьк1уэкI псальэмакъэхэр-щэ?! Зэрыщ1ыху зытIущ зэгъусэу кьитIысхьамэ е зэхуэзэжамэ, я унагъуэхэм Iуэхуу ильыр абдеж кьыщрауэнщ1ыкI. Я Iыхьлы кьишами, я гъунэгъу кьек1уэк1ами, зыгуэр япщэфIами, жыщ1ами, я джэдУ1ами... Псоми топсэльыхь. Абдеж я цыхугъэ щримыкьэл1эрэ, абы щыгъуэми хэжьап1э кьагъуэт - ягу кьэокIыж телефоныр кьыз3ырыуэнхуар. Араши, телефонк1э ину емпсальэ: и кьуэм щотхъу, и нысэм йобг, гьунэгъур иукIыну жеI3. Апщондэху, абы кьыбгурыскэм я щхьэр здахьын ягъуэтырыкьым, я кьэувы1эп1эр кьахуэмыгъэсу щысщ.

Апхуэдэжьи я маршруткэ кьэльэуыIэкIэр-щэ?! Кьэувы1эп1эм нэса-нэмыса я1экъым, зы лъэбакъуи лейуэ ямыкьыжьи хуэдэу, жьыхуа1э дыдэм кьыщыхуамыгъэувы1эмэ, рулым дэсыр бий я1ащ1ыщ. «Мыдбдеж кьыщыпхуэгъэзувы1эну сыхуиткъым» кьыжриIэмэ, - «Уэ уи кьалэнщ сэ сыздыхуейм сыщиб6гъэкIыну» - аращ жэуапыр. Бжэр ину кьыз3ырадзыл1эм кьищынэмыщ1ауэ, ябгэжьм кьахокI шоферым ехьуэнхэр. Сэыр апхуэдэу йожьэж, кьэнахэм абы и п1эжь уиIытэжьи кьальос. Ар унэм дыхьэжмэ, цыху игъэсэн хуейуэ кьыпопльэ. Апхуэдэ цыху дапщэ шофёрым махуэм кьриубыдэу ишэчыр?

«Щ1алэгъуалэм я тхьэкIумэм наушинкыр иIуауэ маршруткэм исщ», жа1э. Атl3, апхуэдизэ гуемыIуи и тхьэкIумэр иригъэувэ нэхъри, мащ1эм едаIуэмэ нэхъыфIкъэ?

Пэжщ, щ1эблэм яхэтщ нэмысыр зи хамэхэр, ауэ нэхъыжьхэм щыкIэншэу зыщащIри ек1уркъым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Бэзэрхэр

Гъэзугбгъухэм сату щ1ыпIэхэр кьыщызэ1уах

Къэбэрдей-Балькъэрым и унафэщ1хэм зэрыхуагъэувам тету, КъБР-м Транспортымк1э, связымрэ гъэзу хозяйствэмк1э и министерствэмрэ муниципальнэ районхэм я щ1ыпIэ администрацэхэмрэ «Кавказ» М-29 федеральнэ автомобиль гъэзугум и Iуфэхэм мэкьумэш бззэрхэр зэрыщагъэувыну щ1ыкIэр ягъэбелджылащ.

• КАВКАЗ» М-29 федеральнэ автомобиль гъэзугу республикэм и районитхум к1ыуэщрок1.

Аруан муниципальнэ куейм гъэзугубгъу бззэрыр Старэ Шэрэдж къуажэм кьыщыз3уахау. Сату щ1ыпIэр яухуащ, псымрэ токымрэ ирашэл1ащ, уэздыгъэхэр щыфIадзащ.

Шэджэм районым мэкьумэш бззэрым и проектыр щагъахьэзыращ. Ар сату щ1ыпIэу 120-м, автомобиль гъэзыпIэу 200-м тещ1ыхьащ. Бззэрыр зэраухуэну щ1ыкIэр «Кавказ Ищхьэрэ» гъэзугъэхьэ федеральнэ к1эзонэ Iуэхущ1ап1эм щыз3эхуагъэк1уащ.

Дзэлыкъуэ куейм хьыкъ федеральнэ автомобиль гъэзугум и Iуфэхэм тхьыпльнщэу сату щащ1ыркъым. Администрацэм кьыз3ырильтэмк1э, п1алъэ гъэрк1э мэкьумэшхэкIэр щащэну щ1ыпIэхэр кьыщыз3эуахьи щхьэусыгъуэ мы зэк1э щы1эжьым.

Бахьсэн районым бззэрыр Къуэбэ-Тэбэ къуажэм щаухуэну я мурадш. Кавказ Ищхьэрэм автомобиль гъэзугъэмк1э и Iуэхущ1ап1эм, КъБР-м щы1э МВД-м и ГИБДД-м, республикэм Хуэныгъэмрэ архитектурэмк1э и министерствэм иджыпсту тхьыпльхэм щыхоп1э. «Кавказ Ищхьэрэ» гъэзугу управлен3м щызэгурыIуэри, тхьыпльнщэу сату щащ1 щ1ыпIэхэр Iуагъэ1эпхьук1ащ. Щ1ыпIищым уви1ыпIэ 800-м нэс зи1э бззэр щыкIуэхэр кьыщыз3уахьыну я мурадщ.

Iэскэн районым Арщыдан, Анзорей, Хьэтуей къуажэхэм бззэрхэр щаухуэнущ. Абыхэм щы Iыхьэхэр хухахащ.

КъБР-м Транспортымк1э, связымрэ гъэзу хозяйствэмк1э и пресс-Iуэхущ1ап1э

● Хьуэхьу

Лэскэн Ет1уанэ къуажэм щыпсэу Къумыкъу Хьэсэнбийрэ Мэшыкъуэ Женярэ зэрыз3эдпсэурэ ильэс 60 ирокъурт, гуапэу дохьуэхьу

ПщI3 зыхуэтщ1 ди нэхъыжьыфIхэу адэ, адэшхуэ щыпкъэ, анэ, анэшхуэ Iгумащ1э! Зэгурыlуэрэ зэдэlуэжьрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэ, зи мафIэр мыужьых унагъуэ льэщым фрихьымакIуэщи, фызиплIыр жьэгур уардэ унэу, фи Iэнэгум берычэтыр щытепщэу, гъащ1эм гу щыфхуэрэ абы и Iэфыгъэ псори зыхэфщ1эу, фи бынхэм, абыхэм ятепщ1ыкIыжаxэм, фи гукъыдэжьыр кьэзыIэт фи щ1эблэм я насыпым, ехьуЛ1эныгъэхэм фригушхуэу, фызэкъуэту дунейм гу щыфхуэну дыныводхуэхьэу. Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ фи Iэнгъуу, фи пщ1эр льагэу ильэс 60 хьуауэ фыкьызэдгъуэгурыкIыжьэу, гъащ1эщхэу зыгъэзащ1эну, псэр зыщ1эхьэуэрэ фIыгъуэмкIэ Тхьэр кьыфхуэупсэну ди гуапэщ.

ФIыуэ фыкьэзылагъу фи бынхэр, абыхэм я щ1эблэр.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Нэгузыужьу ирагъэк1уэк1

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр кьызыхуэтыншэу кьызэгъэпэщыным мы лъэхъэнэм дэнэк1и гулыытэшхуэ щ1ащ. А Iуэхум теухуа лэжьыгъэ щхьэпэхэр щок1уэк1 Iуащ1эмахуэ куейм. Махуэрылажьэ гъэмахуэ лагерь иджыблагъэ кьыщызэ1уахащ Тырныауэ дэт курыт школ №5-м. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм кьриубыдэу абы щы1энущ сабии 130-м щ1игъу.

КУЕЙ администрацэм и унафэщ1ым и я1э къуэдзэ Афэщокъуэ Раисэ зэрыжи1амк1э, щ1ыпIэ лагерхэм зыщагъэпсэхунущ зи адэ-анэхэр лэжьап1э Iэнат1э Iумыт, бынунагъэущхуэхэм, зи Iуэху хуэмыщ1а унагъуэхэм кьахэк1и сабийхэм, адэ-анэгум я нэ1эм щ1ымытхэм, сабий зеиншэхэм. Апхуэдэхэм путевкэхэр пщ1эншэу ират. Егъэджэныгъэмк1э Iэнат1эм ярит тхыльхэм ябпкъ итк1э, сабий куэдым я узынщагъэр ирагъэфIэк1уэнущ лагерь зэмылIэужьыгъуэхэм, санаторэхэм. Цыкlухэм зыщагъэпсэхуну лагерхэм зэрылэжьэну планхэм хэхахэр я1эщ. Абыхэм кьыщыгъэльэгъуащ сабийхэм драгъэк1уэк1ыну лэжьыгъэхэр - я нэгу зегъэужьыныр, я кьэухьым, зэхэщ1ыкIым хэгъэхьэнри, эстетикэ, хэкупсэ гупсысэхэм зэуэщ1иннри.

Iуащхьэмахуэ куейм щыпсэу сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр кьызыхуэтыншэу кьызэгъэпэщыным республикэ бюджетым кьыхэкIыу хухахащ сом мин 456-р. КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмк1э и министерствэм куейм щи1э кьудамэм и унафэщ1 Мирзоев Замрат жи1ащ министерствэм и мылькъм кьыхэкIыу щыпIэ сабий 250-м нэс республикэм и лагерхэм, санаторэхэм, узынщагъэр щрагъэфIак1уэ центр зэмылIэужьыгъуэхэм зэрагъэк1уэнур.

ТАРИМ Алисэ.
Iуащхьэмахуэ куей

Зэпеуэм хэтынущ

«Полицей дядя Степ» социальнэ псапащ1э проектым ипкъ иткIэ, КъБР-м щы1э МВД-м щек1уэк1ащ полицей гуащэ нэхъыфI ик1и гъэщ1эгъуэн гъэхъэзырыным теухуа зэпеуэ.



ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щагъэльэгъуащ Налшык къалэ, Аруан, Прохладнэ, Бахьсэн куейхэм я школак1уэхэм я Iэдакъэщ1эк1хэр. Я фIагъкIэ зэщ1эныкIмиахэр зэкъуэзыгъэувэр зыт: мыхьэнэшхуэ зи1э Iэщ1агъэр - цыхуэхэм я шынагъуэншагъэр хьуэмэныр - кьызэхьахэм пщ1э яхуэщ1ынныр.

НэхъыфIу кьыхаращ Нарткъалэ щыщ Нэщ1эпыджэ Елдаррэ прохладнэдэс Клименкэ Анастасиерэ я Iэдакъэщ1эк1хэр, зэпеуэм хэтахэм я нэхъыщ1э дыдэ ильэсибл зи ныбжь Бахьсэн куейм хьыхьэ Исльэмей къуажэм щыщ Кьыльшыкъуэ Алан игъэхьэзыра гуащэр. Ахэрщ урысейпсо конкурсым республикэм и щ1ыхьыр щызыхьумэнур.

Сабийхэр хьумэным и дунейпсо махуэм ирихьэл1эу къэрал к1уэщ1 Iэхуэхэмк1э министру КъБР-м щы1эм и къуэдзэ Тату Къазбэч бжьыпэр зыбыда школак1уэхэм фIыщ1э тхыль, саугъэт яритащ. Зэпеуэм жыджэру зэрыхэтам папщ1э ныбжьыщ1эхэм фIыщ1э яхуищ1ащ, адэк1и ехьуЛ1эныгъэхэр я1эмэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр дахэу ирагъэк1уэк1мэ зэрригапэр жкрIащ.

Къэрал к1уэщ1 Iуэхуэхэмк1э министерствэу КъБР-м щы1эм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

● КъБР-м и прокуратурэм

Нык1усаныгъэхэр къахутэ

Республикэ прокуратурэм Урысейм Тезырхэр ирегъэхьэкIынымк1э и федеральнэ кьулыкъуэм и управленэу КъБР-м щы1эм и колоние-псэупIэ №5-р медицинэ-санитар Iуэхугъуэхэмк1э кьызэрызэгъэпэщар кьипщ1тащ. Абы кьызэригъэльэгъуащ, КъБР-мк1э УФСИН-м и КП-5-м и цыхуб3 общежитым щы1ыгъ тезыр ещ1ыхьэк1 бзылъхугъэ 45-р щы1э хабзэм ипкъ иткIэ щы цыхум хуэхэхпхьэ псэупIэк1э кьызэгъэпэщащ1ым.

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Юрий КъБР-мк1э УФСИН-м и КП-5-м и унафэщ1ым кьыщ1агъэщ1а нык1усаныгъэхэр игъэзэжьыну, абыкIэ къуаншэ кьулыкъущ1эхэр дисциплинэ жэуапым иришэл1эну хуигъэльэгъуащ.

Щ1эпхъаджагъэ хьэлъэ зэралэжьам кьыхэк1ыу

Къэбэрдей-Балькъэрым и Суд Нэхъыщхьэм унафэ тращ1ыхьащ Дал Артуррэ Балакиревым Сергейрэ я Iуэхум. Присяжнэхэм ахэр кьуаншэу кьалыытащ УФ-м и УК-м и 105-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «к», «3», 162-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «в» пунктхэмк1э, (цыхум хьэк1эхъуэк1агъэ хэльу теуэу ялэжьыр кьагурыIуэжу яукIыныр). Балакиревым Сергей апхуэдэу ягъэкъуанщэ псэупIэм хьабзэншагъэк1э щыхьэу щхэуу ахьшэ зэридыгъамк1э (УФ-м и УК-м и 15-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «а» пункт). Присяжнэ заседателхэм суд зытращ1ыхьахэм гущ1эгъу кьамыльэкIу кьалытащ.

Судым нубзыхуащ 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м зэгурыIуэу Дал Артуррэ Балакиревым Сергейрэ Байрамов Байрам зимыщ1эжьын хуэдэу щхьэхъэзэрыр, цыхуэ здэщымыIэ щ1ыпIэм яшэу ар зэрауклар, иужькIэ, щ1эпхъаджагъэм и льэужьхэр ягъэк1уэдын мурадк1э, бензин трак1эу хьэдэр зэрагъэсар.

Щ1эпхъаджагъэр ялэжьа иужь, сом мини 124-рэ и уасэ лей зытехьам и ВАЗ-21099 автомашинэр зыIэрагъэхьащ, ик1и апхуэдизэ мылыку хэщ1ынгъэ ираташ.

Балакиревым Сергей апхуэдэу къуаншэу кьалытащ 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 21-м Самойловэ Светланэ и псэупIэм хабзэншагъэк1э щ1ыхьэу сом 4700-рэ кьызэрыфIидыгъуамк1э.

Зэхищ1ыхьа щ1эпхъаджагъэхэм папщ1э Дал Артур ильэс 21-рэ мази 6-к1э щ1ысыну яГъэтIысащ. Абы тезырыр щрихьэл1ынущ тутнакъэхэр тк1ий дыдэу щы1ыгъ щхьэхуэм. Балакиревым Сергей ильэс 20 щигъэк1уэнущ тутнакъэхэр тк1ийуэ щы1ыгъ лъэхъэущм.

КъБР-м и Прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей, Адыгей, Шэрджэс, Шапсыгъ, Мэздэгу Адыгэ хасэхэм, КАФФЕД (Тырку) зэгухьэныгъэм, Европэм щылажьэ хасэхэм я федерацэм, Нью-Джерси штатым (США) щы1э Адыгэ FIыщ1э Хасэм хэтхэр Иорданием и Адыгэ FIыщ1э Хасэм и тхьэмадэ **Кьардэн Самир** хуогузавэ абы и шыпхъу **Нэшат** дунейм зэрехьажам кьыхэкIыу.

КъБР-м Щ1ыхь6э хьыбарегъащ1э Iуэхущ1ап1эхэмк1э, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмк1э и министерствэм, «Къэбэрдей-Балькъэр» ВТК» къэрал к1эзонэ Iуэхущ1ап1эм, «НОТР-Налшык» ОРТК-м я зэкъуэгъуэ зэхэщ1ыкIыгъэ республикэ радиом и программэхэр щызэхальхъэ, эфирым щызыагъэхьэзыр и кьудамэм жэуап зыхь и выпускающэ **Танэ Риммэ Хьэлий и пхьум** хуогузавэ абы и анэ **Жэмыхьуэ Тамарэ Пlатlу и пхьур** дунейм зэрехьажам кьыхэкIыу.

Иджыри я гугъэр хахыжатэкъым

Хэхэс адыгэхэм я япэ хасэр къыззрыцнэхурэ илъэси 105-рэ ирокъу

Уи хэку урахуу хамэ щыпIэ укъыщыхутэныр, дауи, туристу зыпIлъхьажкIуэ укIуэныкIэ лъэгъэкъым. Хэку ущиIэм сытри уиIэу щытамэ, ар ущимыIэжым - зыри уимыIэжу аращ. Хэку зимыIэжыр и лъабжьэм дежи щыпаупщIа жыг хуэдэщ, дэнэ щыпIэ пхьакIи ар жыгыу пхуэгъэпсэужынукъым, жыг дежи-къым, зыгуэрхэм пхъэ яхуэхъужу аращ.


Тыркум щыпсэу адыгэхэр зэрыс вилайетхэр (областхэр).

СОЦИОЛОГИЕ, психологие щIэныгъэхэм кьыззрагъэльагъуэмкIэ, зи льахэр зрагъэбгына цIыхухэм я психологиер зэхуэдэ мэхъу. Апхуэдэхэм я хэкум и уасэр нэхъ кьагурыIуэу, кьыщыхута хамэ щыпIэр я хэку хуэдэу фIыуэ яльагъуу, зыхьыха кьэралыгъуэм хуэпэжу мэпсэуэ-хэ, льапсэ зэрамыIэм кьыхэкIкIэ, нэхъыбэр кьупыкъущIэу мэлажьэхэр...

Урыс-Кавказ зауэ льапсэрыхьым кьела ди адэшхуэхэр Хэкужьым щрагъэкIым, кьыззралыстэмкIэ, я Iыхьэ щанэм нэхърэ нэхьыбэр гъуэгум текIуэдащ: хэт тенджыз гъунэм нэмысу, хэти абыи гъунэм нэсауэ, хэт кхъухьым ису, хэти псэупIащIэ яхуэхъуну щIыпIэхэм кьащыхутакIэр. ЗэуапIэм кьащыпэщIэта бийм нэмыщIкIи, иджы абыхэм я гъащIэм кьеущэгъэ гъаблэри, уэ зэмылIэужьыгъуэхэри, жьыуэпс (климат) зэмысари. А псом адыгэ кхъэлахэхэр ягъэбагъуэрт.

Си анэшхуэ Едыдж ХъащIэмахуэ ипхъу Жансэрей кхъухьым кьыщалхъат, ильэситI-щыхэм иту теIлыкIри, кхъэм яхьауэ щыщIалъхьэм и нэхэр кьыззригъэпплъам гу льатэри, льахьыжауэ щытащ. Иужькlэ ар ильэс бгъущIкIэ псэужащ, тыркубзэ имыщIэуи дунейм ехьажащ. Абы кьыджиIэжат зы жэщ-зы махуэм кьрибудэу нэрыбгищэрэ щэ ныкъуэм нэс щахэлIыкIа кьэхъууэ, Анталием пэмыжыжьэ Богъазак щыпIэм ноби щыIэ Черкес кхъэльахэр (Черкес мезарлыгы) ди къуажэм и япэ кхъуэу щытауэ. А щэрэ щэ ныкъуэрэ жыхуиIам и пщIанэр кьапщтэми, адыгэр зыхэта гуэзвэгъуэм и инагъыр абы и гурыIуэгъуэ кьыпщыщыфынуу. А бзылхьым кьелу лъэрытету кьэнэжа тIэкIум я щхьэрэ я бынунагъуэрэ узым, гъаблэм кьыIэщIахьи фIэкIа, нэгъуэщI кьалэн зыхуагъэувыжьфынкIэ, дауи, Iэмал щыIэтэкъым, псом хуэмыдэу япэ ильэс зыбжанэм кьуриубыдэу. Апхуэдэ хэкIыпIэ щыIэпэу бзэти, хабзэти, лъэпкъти жаIэу я щхьэ Iуэху зэрахуэфыну гуащIэрэ гукъыдэжрэ адыгэм зрагъэгъуэтыжьыпаэу пщIыми, кьэралым а псор унгъэщIэну щыттэкъым. Тыркуэм я Iуэхуэхэм я зэманым зэрыхуейуэ зэпIэувэрэтэкъым, ар пащтыхьхэми кьагурыIуэжри, Европэм хуэдэ защIыну иужь ихьаэт. Ауэ сыт хуэдэ хабзэщIэ кьепхьэжьэми, щыпэ есахэр щIэм пэмыувыIэ Iэмал иIэтэкъым. Арати, жьыри яхуэхъуэтэкъым, щIэри яхуэгъэувэтэкъым, зыхущIэкъури, щIыхущIэкъури збзыхуатэкъым.

Абдулхьэмид ЕтIуанэр Уэсмэн кьэралыгъуэм и пащтыхьу, ежьыбгъэщIэрэ кьару гуащIэхэр игъэбэяун папщIэ, демократие теплъэ иIэу зы псэукIэщIэ техьэн хуэдэу зищIащ 1876 гъэм. «Езанэ мешрутиет» зыфIища а хабзэщIэмкIи хуитыныгъэ псори я иджыри пащтыхьым Iэщlэлъат, ауэ упщIэгъу, чэнджэщэгъу хуэдэу зыхуигъэлэжьэну парламент яригъэхуат, кьудамитI хьууэ. Пэжщ, ар езыр фIэмыфIу ищIын хуей хьуати, Урыс-Уэсмэн зауэр и щхьэусыгъуэу иIэтыжри, нэхъ диктатор льэщыж хэщIыкIыкIауэ зэрагъэпсыгъэр ильэс 33-кIэ зэрригъэкIуащ. А льэхъэнэр апхуэдизкIэ гугъутри, Сталиным и зэманым Урысейм щыIа хабзэхэр абы кьытрамыщIыкIауэ пIэрэ жьыпIэу урагъэ-гупсыс. ЦIыхухэтI-щы зэгъусэу яльэгъуамэ, кьэралым кьебгинхэу, кьебэнынхэу щэхуу зыгуэрхэр зэрагъэпэщу яльытэрти, зэхэзехуэн ящIырт. Апхуэдэу щыт пэтми, а зэман ткIийм цIыхухэр кьиригъэушу, нэхъ игъэгупсысэу щIидзат.

Адыгэхэр кьапщтэмэ, а льэхъэхэм кьриубыдэу мурад ящIащ я льэпкъым и тхыдэ пэжыр ятхыжьину. Хьэгъур Ахьмэд-Мидхьат хьарэныну кьехьуIат «Кавказ» романыр. Абы и «Адыгэ пщы-уэркъхэр» пьесэр щагъэува театрыр 1884 гъэм игъэсри ирагъэуэжащ, адыгэхэр кьиригъэушну, кьигъэбырсеину щышынэхэри.

Кьэхъуащ и ужькIэ, зэпкъ IуэхуI теухуауэ Истамбыл зыгуэрэ зэрыщамылэжьыфынур кьагурыIуэри, адыгэ гуп щхьэу Мысырым Iэпхъуащ. Абы 1897 гъэм «Шэрджэс зэгухьэныгъэ» газетыр кьыщыдагъэкIыу щIадзащ. Ди жагъуэ зэрыхьуши, дэ а газетым и япэ номерым фIэкIа кьытIэрыхьакъым, абыи чэму напэкIуэцI. И ужькIэ кьыдэкIами тхуэзэхэгъэкIакъым. Уегупсис зэрыхьунымкIэ, «Адыгэ зэдэIэпыкъуныгъэ хасэр» абы щигъуэ щэхуу яухуащ. Сыту жьыпIэмэ, а газетыр кьыдигъэкIауэ абы зи цIэ тетыр а хасэращ. Ауэ дэ иджыпсту кьыхэдгъэщIыр а хасэр нахуапIэ кьыщихьа (официальнэу щатха) махуэращ.

1908 гъэм (бадзэуэгъуэм и 24-м) аргуэру зы демократие системэ кьэхъуащ, «ЕтIуанэ мешрутиет»-кIэ еджэу. Абы цIыхубзм, льэпкъхэм иджыри кьэс щымыIа хуитыныгъэ кьахуихьащ.

Мис а «ЕтIуанэ мешрутиет»-м кьыдэкIуа фIыхэм пэплъэу щытахэу кьыщIэкIынти, адыгэхэм «Шэрджэс зэдэIэпыкъуныгъэ, зы хьужьныгъэ хасэр» яухуащ. Езы хасэм и тхыгъэ дыдэхэми ущыхуозэ а хасэм и щIэр зэм «Шэрджэс зэдэIэпыкъуныгъэ, зы хьужьныгъэ хасэу», зэми «Шэрджэс зэдэIэпыкъуныгъэ хасэу». Дауи, гIури а зы хасэращ. «Шэрджэс зэдэIэпыкъуныгъэ, зы хьужьныгъэ хасэр» 1908 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Истамбыл щаухуауэ, абы кьытригъэдза кьыхуезыджэ псалъэмкIэ лажьэу щIидзауэ яльытэ, ауэ ар кьэрал хабзэм тету щатхар 1908 гъэм щэжъуагъуэм и 17-рат. Ар зыщтхьэхэм нэхъ кьаxэщхэм ящыщ зыбжанэм я щIэкъитIэунэ: уэсмэныдзэм щыцIэрыIуэу хэта маршал Мэртэд Абдуллахь пащэ, 1876 гъэм. «Езанэ мешрутиет» зыфIища а хабзэщIэмкIи хуитыныгъэ псори я иджыри пащтыхьым Iэщlэлъат, ауэ упщIэгъу, чэнджэщэгъу хуэдэу зыхуигъэлэжьэну парламент яригъэхуат, кьудамитI хьууэ. Пэжщ, ар езыр фIэмыфIу ищIын хуей хьуати, Урыс-Уэсмэн зауэр и щхьэусыгъуэу иIэтыжри, нэхъ диктатор льэщыж хэщIыкIыкIауэ зэрагъэпсыгъэр ильэс 33-кIэ зэрригъэкIуащ. А льэхъэнэр апхуэдизкIэ гугъутри, Сталиным и зэманым Урысейм щыIа хабзэхэр абы кьытрамыщIыкIауэ пIэрэ жьыпIэу урагъэ-лыгъуэрэ роман жанрыр кьиузыхьэу и льэр щызыгъэува тхакIуэшхуэ Хьэгъур Ахьмэд-Митхьат ефэнды. Апхуэдэу абыхэм яхэтащ адыгэбзэкIэ усэ зыгъуэ щыта, Сеин Тымэ зыфIэзыщыжа, Хьусейн-ШэмIи Тюмери.

ЗэрыфщIэщи, адэ нартхэм я зэманым кьыщыщIэдзауэ ди льэпкъым и тхыдэм хасэр хэтащ. Ауэ ар зэпымыуэ лажьэ кьэралыгъуэ пкъыгъуэуи, цIыхубз бэдаущ зэгухьэныгъэ хуэдэуи щытакъым. Льэпкъым и щIыпIэ хэха гуэрым щыпсэухэм ехьэлIауэ Iуэхугуэшхуэ кьыкьуэкIамэ, пщIыхэр, уэркъхэр, лъхукъуэлIхэр, дэтхэнэ зы инагъуэми зы лIыкIуэ хуэ ззу зэхуэстри, хасэ яухуэрт. Iуэхугъуэр Iупщу утыкум кьралъхьэрти, я нэхъыщIэ дыдэм кьыщыщIэдзауэ псоми псалъэ иратырт. НэхъыбапIэм зэдащта ефэм дэтхэнэри еувалIэрти, зыри ебакъуэртэкъым. Хабзэ Iуэху теухуауэ хасэ зэхашамэ, абы и унафэр хабзэт.

Иджыпсту дэ зи гугъу тщы хасэр апхуэдэтэкъым, атIэ кьэрал хабзэм тету, езым и устав иIэжу яухуа цIыхубэ бэдауу зэгухьэныгъэт. Апхуэдэ хасэу зэхэс адыгэхэм япэ дыдэ яухуар «Шэрджэс зэдэIэпыкъуныгъэ, зы хьужьныгъэ хасэр» аращ. Ар 1897 гъэм щэхуу яухуауэ зэрыщытар кьапщтэмэ, дуней псом адыгэхэм япэу щауха хасэуи кьыщIэкIынуц.

Хасэр зэрылэжьэну щыкIэр кьэзыIуатэ унафэм зэрыщыкиIэмкIэ, абы и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт хабзэм тещIыхьа мешрутиет убзыукIэр хьумэным зэчэнджэщурэ зэдащIэу иджыри зы гуэрыль-гурыщIэ хэлът абы и мурадхэм, адэжь щыналъэу Кавказым щхьэхуитыныгъэ егъэгъуэтыжыныр. Ар яхуэзэфIэкIмэ, Уэсмэн кьэралыгъуэм дежкIи фIы дыдэу арат кьыззралыстэр. Сыту жьыпIэмэ, Кавказ щхьэхуитыр тыркуэр кьэзыхьуэмэ быдапIэ хьунут.

Апхуэдэу хасэм кьалэну зыхуигъэувыжат альифбей зэхигъэувэну, абыкIэ егъэджакIуэхэр игъэхьэзырыну, адэжь щыналъэми еджапIэхэр кьыщIэзыIуихьину. Мис абы ипкъ иткIэ, 1910 гъэм Хэкужьым егъэджакIуэу кьиригъэкIуат Лъэцэрыкъуэ Хьэрун, ХыдзэпI Ибрэхьим, Дыгъунэ Акиф, Нэгъуцу Юсыф-Сухьэд (Дюзджэ щыщхэщ), доктор Али-Сухьад (Асеикъуэ), Беслъэней Хьафыз, Зэчырей Ефэнды, Гусэр щихь Мухьэмэд, Захьит Чэусэрий сымэ. Ахэр нэхъыбэу кьыздэкIуар Адыгейрт. Краснодар пэмыжыжьэу Банэхэс, Тэхьутэмыкуей кьуажэхэм, нэгъэщI щыпIэхэми еджапIэхэр кьыщызэIуахат адыгэбзэкIэ щрагъаджэу.

ЦIагъуэ Нурий Къэбэрдейм кьэзыгъэкIужари а хасэрат. Нурий абы щилэжьакъэм, лицей, егъэджакIуэ щагъэхьэзыр еджапIэ кьызэрызэIуихам, «Адыгэ макъ» газетыр кьыдигъэкIыу зэрыщытам куэд щыгъуазэу си гугъэщ. Мы хасэм и жэрдэмкIэ Истамбыли кьыщызэрагъэпэщат щапхьэ хьуну зыщыгугъ «Шэрджэс уней еджапIэ».

«Шэрджэс зэдэIэпыкъуныгъэ, зы хьужьныгъэ хасэр», дауи, хасэ анэт. Абы нэгъуэщI хасэ зыбжани езым фIэфIу кьызэхигъэкIащ. Псальэм щхьэкIэ, егъэджэн-гъэсэн Iуэхуэр зэригъэкIуэну «Шэрджэс цIыхубзхэм я зэдэIэпыкъуныгъэ хасэр», политикэ Iуэхуэр зэригъэкIуэну «Ищхьэрэ Кавказ хасэр» яригъэхуат.

А псоми я лэжьыгъэхэр зыхуэунэтIар льэпкъыр кьэгъэушы, зэкъуэгъэуэвэн гурыль-гурыщIэрт. «Гъуаэ» газетри арат кьыщыдагъэкIар. Абы и жэрдэмкIэ адыгэбзэм альифбей хуэзэгъэувэным и зэпеуэзэр ирагъэкIуэкIат.

Ди жагъуэ зэрыхьущи, 1923 гъэм и щыщхьэу маэзэм, Тыркум республикэ щаухуэну зыщагъэхьэзырым, мы хасэри адрейхэм хуэдэу зэхуащIыжащ, «Шэрджэс уней еджапIэ» щыгъуэу. АдэкIэ Тыркум ущыадыгэну ухуитыжтэкъым. Ари щыщт Урыс-Кавказ зауэм кьрикIуэ тхьэмыщкIагъэхэм.

Мыбдежым кьыщыщохь хасэм и кьыхуезыджэ псалъэр.

Шэрджэс зэдэIэпыкъуныгъэ, зы хьужьныгъэ хасэм и кьыхуезыджэ псалъэ

Хасэм и хэщIапIэ, 1908 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Ди льэпкъэгъуэх!

*КьэкIуэну гъащIэр екIуэрэ еизэгъэу ухуэным и Iэмалхэр, дауи, блэкIаращ кьызыхэпхьыфыну щыIэр. БлэкIар зэгъэщIэныр псом ди дежкIи хэкIыпIэ Iэмалышхуэщ. Дяпэкlэ дызыхуэзкIуэфыну гъащIэ зэпэщыр гъэльэщыным теухуа гъуэзэ быдэр дыубзыхуэн папщIэ ди блэкIам дыщыхэпльэжкIэ, я Iэхьуамбзэхэр щIагъашэуэрэ кьагъэльагъуэ щIэныгъэлI гъуэзэджэхэр, дуней псом тет мусльымэнхэр зэрыгушхуэ лIыщхьэ Iущ льэщхэр кьыззрытхэкIахэр. Ауэ абыхэм я нэхъыбэр, я адэжь щыналъэр мыхъуу, етIуанэ хэку яхуэхьуа хэхэр зэгъуэгуэху нэхъ зызыужьа кьэралхэм кьыззрыщыхутахэри IупщIу.

Быдагъэ, щыIэгъэ, лIыгъэ зэрахэлъым хуэдэ кьабззэу, я лъым хэлъу анэдэлъхуу адыгэхэм щэнхабзэ гъэззэджэхэр кьадэгъэзгурыкIуэрэ пэт, тхьэмыщкIагъэшхуэхэр кьатепсэу икIэм-икIэжым я адэжь щыналъэр ябгьиэу дуней псом текуухьа щIэхьуам и щхьэусыгъуэхэр кьыщIыпппщытэкIэ, Кьафхьасым (Кавказым) гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ зэпэщ зэрыщымыIам, лакьуэхэм я зэхуаку зэгурыIуэ зэрыдэмылъам кьаша лажьэшхуитIым нэхъ щхьэусыгъуэ ин кьэтIагъэрккъым.

Пэжыр жыпIэнумэ, цIыху еджа-гъэсахэм я дежкIэ гъэлурыщIэн Iуэхум щыIэзбгъэдэпх мыхъун пкъыгъуитIу щыIэзбгъэдэпхуу джатэмрэ тхьлъымрэ. И закъуэу джатэ кьудейм тегъэщIа гуащIэр гупсысэ куум и илъыгъуэхэм зэрапэмыуфыфынур гурыщхьэу льэпкъ зыхэмыльт пэжыгъэщI.

*Гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ зэгъэщIэ зэгурыIуэ быдэрэ зэрамыIам кьыхэкIкIэ, адыгэхэр я адэжь щыналъэм пэIэщIэ хьун хуей щыхъум, Ислам дунейм и хущIапIэу муслымэнхэмкIэ гупсэхупIэу щыт Уэсмэн кьэралыгъуэр щхьэегъэзэпIэу кьыззрыхахар хэти ещIэ. Адыгэр Iэпхьуэгъуэ льэхьэнэ гугъуэхэм щыхэтым щыгъуэ Уэсмэн кьэралыгъуэм, а щыхэтым щыгъуэ я цIыхухэм дальэрэуа гущIэгъуэм, дэIэпыкъуныгъэм, пэж дыдэу, пщIэщхуэ уэфащэ пэтми, ди жагъуэ зэрыхъущи, текъуэтыныгъэм кIи абы кьыдэкIуэ залымыгъэм, Уэсмэнлы цIэр зэдэзыщта льэпкъхэм, адыгэзэри абы яхэту, щхьэзэгъэзыпIэ яхуэхьуа мы кьэралыгъуэ кхъухьыщхуэр зэман гуэрыр и архьуанэ гущIэгъуншэм хильэфащ. Ягъэу яхэлъыр ягъэнахуэурэ, Iупщ кьэхьуа я дагъуэшхунтIыр зыхагъэкъэбзыкIыкIыну а ГъэкIэнэхэм Iэмал иIауэ пIэрэ адыгэм? Хьэуэ! Иракъым. Сыту жьыпIэмэ, зы хьужьныгъэ, зэдэIэпыкъуныгъэ, зэгурыIуэ жьыхуэпIэхэм Iэмал емытыхэнэр текъуэзныгъэр зи льабжьэ гъэпсыкIэхэм я хабзэ-бзыпхъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

*Тхьэм и шыкурщи, нобэ мешрутиет гъэпсыкIэм, абы кьытхуихьа хуитыныгъэ-тыншыгъуэм десащ. Аращи, дагъуэхэр гъэзэкIуэжьным, гупсэхугъуэм дыпхьэсым папщIэ дызэрыкIуэн хуей льагъуэхэр убзыуным икIи ахэр гъэзэщIэным и чэзу къэсауэ ди гугъэщ. Ари гугъукъым - шэрихьэтым и унафэхэм дэхыншэу утетмэ аращ. Сыту жьыпIэмэ, цIыхугъэ щыIэкIэм и пкъы купщIэм щэныншагъэ-щэн Iеягъэм уи гур щыбгъэкIныврщ, купщIэм и купщIэжри цIыхугъэм хууэлэжьэнхухуэлIыщIэныр. Тхьэшхуэ льапIэм «Фыгъэрэ тхьэфIэлIыкIыныгъэрэ я лъэныкъуэкIэ фызэдэIэпыкъухэ?» кьыджеIэр. Бегъымбар льапIэми «Сэ щэныфIагъэ-щэн дахагъэр иризгъэкъужыну аращ сыкъыщIагъэкIуар!» жеIэри, абы тету ди кьэралыгъуэ хабзэ льапIэхэм цIыхугъэ-дахагъэ зэрауэхуар наIуэщ. Аращи, диным кьытхуищI пщэрыльхэр гъэзэщIэн, щэныфIагъэ-щэн дахагъэм, мешрутиет псэукIэ хабзэхэм зегъэужьын, сатум, индустриим, мэкъуэмэш Iуэхугъэхэм ятеухуа зэпыщIэныгъэхэр зэгъэпэщын нкIи ахэр гъэльэщын, Уэсмэн кьэралыгъуэм и цIыхубзмрэ дэрэ дякум дэль зэгурыIуэ-зэ ззэгъыныгъэхэр гъэльэщын гухэлъкIэ «Шэрджэс зэдэIэпыкъуныгъэ, зы хьужьныгъэ хасэр» дыухуащ.

ХамэщIым хэхэсу кьыщыхутауэ зеиншагъэ жьыхуаIэ гухэщI хьэльэм ипIытIарэ игъэмэха пэтми, дэ тущщ ящыныкъуэхэм, емышыжу нкIи гугъуехь зыпэщIэхуэхэм кьапимыкIуэтхэу зэрыпэжжьам кьыхэкIкIэ, псынщIэу зыкъыщэрэIэтыфам, зэрызаужьам дыщегупсыскIэ, зы хьужьныгъэм и кьару лъэщым и жьауэм дыщIэту едгъэкIуэкIыну лэжьыгъэм кьыпэкIуэну гуфIэгъуэр, ди льэпкъ щIыхьыр здынэсыну льагапIэр тыншу ди нэгум кьыщIэдгъэувэфынуц. Дызыхуэныкъуэ закъуэр льэпкъ зэхэщIыкI зиIэ ди цIыхуэгр гурэ псэкIэ, Iэмалу яIэмкIэ кьыддэIэпыкъуныращ. Сыту жьыпIэмэ, хьущэм хэк эмлым и тепхьэгъэ дыгъужащ. Ди хасэм и кьыхуезыджэ макъ фIыгъэ-дахагъэ зыхэлъым девгъэувалIэ!

Ди льэпкъэгъуэх!

Зыдужьыну, льагапIэхэр кьэтщтэну, ди гуфIэгъуэр, ар дэнэ кьэна, ди щыIэныгъэр, ди гъащIэ тхьумэну дыхуеймэ, ди зэкъуэтыныгъэм и кIапсэшхуэ быдэмкIэ псоми ди фIэщу зыззэпыдвгъащIэ! «Щыхупсэм езым кьилэжьыам фIэкIа кьыззрарамытыжьынур» зэи зыщыдмыгъэтъэгъэущI! Итланэ текIуэныгъэкIэ Тхьэр кьытхуэупсэнщ.

Хасэм и кьыхуезыджэ псалъэ фыкъызэзджам, фэри гу зэрылыфтагъэнщи, адыгэр хэхэс щIэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэу империе гупсысэ зиIэ урыс пащтыхьыгъуэм ди Хэкур зэрытфIиубыдам, нубыдам и мызакъуэу, ди адэшхуэхэм ар зэрырагъэбгынам, жьипIэнурамэ, льапсэрых зауэ кьыззрыдащIылIам и гугъу щамыщIэ нэхъ кьащтащ. И ужькIэ кьыдагъэкIа «Гъуаэзэ» газетым итхэм ущыхэплъэкIэ, абы и щхьэусыгъуэрэ гурыIуэгъуэ хуэдэщ. Сэ кьыззрысфIащIымкIэ, ахэр зыбжанэ мэхъу.

Япэрауэ, кьыхуезыджэ псалъэр зэхэзылъхьаахэр хущIэкъуагъэнущ льэпкым хэль мыхъумыщаи тепхьэгъэ ешI. Сыту жьыпIэмэ, хьущэм хэк эмлым и тепхьэгъэ дыгъужащ. Ди хасэм и кьыхуезыджэ макъ фIыгъэ-дахагъэ зыхэлъым девгъэувалIэ!

Ди льэпкъэгъуэх!

Зыдужьыну, льагапIэхэр кьэтщтэну, ди гуфIэгъуэр, ар дэнэ кьэна, ди щыIэныгъэр, ди гъащIэ тхьумэну дыхуеймэ, ди зэкъуэтыныгъэм и кIапсэшхуэ быдэмкIэ псоми ди фIэщу зыззэпыдвгъащIэ! «Щыхупсэм езым кьилэжьыам фIэкIа кьыззрарамытыжьынур» зэи зыщыдмыгъэтъэгъэущI! Итланэ текIуэныгъэкIэ Тхьэр кьытхуэупсэнщ.

Хасэм и кьыхуезыджэ псалъэ фыкъызэзджам, фэри гу зэрылыфтагъэнщи, адыгэр хэхэс щIэхъуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэу льэпкъэхэм Iэмал ящыщIэныгъэ, Iупщ къэхьуа я дагъуэшхунтIыр зыхагъэкъэбзыкIыкIыну а ГъэкIэнэхэм Iэмал иIауэ пIэрэ адыгэм? Хьэуэ! Иракъым. Сыту жьыпIэмэ, зы хьужьныгъэ, зэдэIэпыкъуныгъэ, зэгурыIуэ жьыхуэпIэхэм Iэмал емытыхэнэр текъуэзныгъэр зи льабжьэ гъэпсыкIэхэм я хабзэ-бзыпхъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

*Тхьэм и шыкурщи, нобэ мешрутиет гъэпсыкIэм, абы кьытхуихьа хуитыныгъэ-тыншыгъуэм десащ. Аращи, дагъуэхэр гъэзэкIуэжьным, гупсэхугъуэм дыпхьэсым папщIэ дызэрыкIуэн хуей льагъуэхэр убзыуным икIи ахэр гъэзэщIэным и чэзу къэсауэ ди гугъэщ. Ари гугъукъым - шэрихьэтым и унафэхэм дэхыншэу утетмэ аращ. Сыту жьыпIэмэ, цIыхугъэ щыIэкIэм и пкъы купщIэм щэныншагъэ-щэн Iеягъэм уи гур щыбгъэкIныврщ, купщIэм и купщIэжри цIыхугъэм хууэлэжьэнхухуэлIыщIэныр. Тхьэшхуэ льапIэм «Фыгъэрэ тхьэфIэлIыкIыныгъэрэ я лъэныкъуэкIэ фызэдэIэпыкъухэ?» кьыджеIэр. Бегъымбар льапIэми «Сэ щэныфIагъэ-щэн дахагъэр иризгъэкъужыну аращ сыкъыщIагъэкIуар!» жеIэри, абы тету ди кьэралыгъуэ хабзэ льапIэхэм цIыхугъэ-дахагъэ зэрауэхуар наIуэщ. Аращи, диным кьытхуищI пщэрыльхэр гъэзэщIэн, щэныфIагъэ-щэн дахагъэм, мешрутиет псэукIэ хабзэхэм зегъэужьын, сатум, индустриим, мэкъуэмэш Iуэхугъэхэм ятеухуа зэпыщIэныгъэхэр зэгъэпэщын нкIи ахэр гъэльэщын, Уэсмэн кьэралыгъуэм и цIыхубзмрэ дэрэ дякум дэль зэгурыIуэ-зэ ззэгъыныгъэхэр гъэльэщын гухэлъкIэ «Шэрджэс зэдэIэпыкъуныгъэ, зы хьужьныгъэ хасэр» дыухуащ.

ХамэщIым хэхэсу кьыщыхутауэ зеиншагъэ жьыхуаIэ гухэщI хьэльэм ипIытIарэ игъэмэха пэтми, дэ тущщ ящыныкъуэхэм, емышыжу нкIи гугъуехь зыпэщIэхуэхэм кьапимыкIуэтхэу зэрыпэжжьам кьыхэкIкIэ, псынщIэу зыкъыщэрэIэтыфам, зэрызаужьам дыщегупсыскIэ, зы хьужьныгъэм и кьару лъэщым и жьауэм дыщIэту едгъэкIуэкIыну лэжьыгъэм кьыпэкIуэну гуфIэгъуэр, ди льэпкъ щIыхьыр здынэсыну льагапIэр тыншу ди нэгум кьыщIэдгъэувэфынуц. Дызыхуэныкъуэ закъуэр льэпкъ зэхэщIыкI зиIэ ди цIыхуэгр гурэ псэкIэ, Iэмалу яIэмкIэ кьыддэIэпыкъуныращ. Сыту жьыпIэмэ, хьущэм хэк эмлым и тепхьэгъэ дыгъужащ. Ди хасэм и кьыхуезыджэ макъ фIыгъэ-дахагъэ зыхэлъым девгъэувалIэ!

Ди льэпкъэгъуэх!

Зыдужьыну, льагапIэхэр кьэтщтэну, ди гуфIэгъуэр, ар дэнэ кьэна, ди щыIэныгъэр, ди гъащIэ тхьумэну дыхуеймэ, ди зэкъуэтыныгъэм и кIапсэшхуэ быдэмкIэ псоми ди фIэщу зыззэпыдвгъащIэ! «Щыхупсэм езым кьилэжьыам фIэкIа кьыззрарамытыжьынур» зэи зыщыдмыгъэтъэгъэущI! Итланэ текIуэныгъэкIэ Тхьэр кьытхуэупсэнщ.

Ещанэрауэ, дауи, абы-хьэхэу империе гупсысэ зиIэ урыс пащтыхьыгъуэм ди Хэкур зэрытфIиубыдам, нубыдам и мызакъуэу, ди адэшхуэхэм ар зэрырагъэбгынам, жьипIэнурамэ, льапсэрых зауэ кьыззрыдащIылIам и гугъу щамыщIэ нэхъ кьащтащ. И ужькIэ кьыдагъэкIа «Гъуаэзэ» газетым итхэм ущыхэплъэкIэ, абы и щхьэусыгъуэрэ гурыIуэгъуэ хуэдэщ. Сэ кьыззрысфIащIымкIэ, ахэр зыбжанэ мэхъу.

Япэрауэ, кьыхуезыджэ псалъэр зэхэзылъхьаахэр хущIэкъуагъэнущ льэпкым хэль мыхъумыщаи тепхьэгъэ ешI. Сыту жьыпIэмэ, хьущэм хэк эмлым и тепхьэгъэ дыгъужащ. Ди хасэм и кьыхуезыджэ макъ фIыгъэ-дахагъэ зыхэлъым девгъэувалIэ!

Хасэм хэтакъм я гухэлъ псори кьаззэремыхьхуIлар наIуэщ, ауэ зыри я хуэзфIэмыкIауи пхужьIэнукъым. «Гъуаэзэ» газетыр кьыдэкIыгъэ 59-м зэрынагъэсыфам, Уэсмэн льэпкъхэми кьэралыгъуэми щапхьэ яхуэхьун Шэрджэс уней еджапIэ кьыззрызэIуахьифам, адыгэбзэм алыфбей хуэзэгъэувэным зэрелIэлахэм, Нэгъуцу Юсыф-Сухьэд, ЦIагъуэ Нурий хуэдэ цIыху телъыджэхэр Хэкум кьыззрагъэкIуэжьыфам, тхьилъу кьыдагъэкIахэм, нэгъуэщI Iэхуу зэфIахахэм щхьэкIэ абыхэм куэд ялэжьауэ убж хъунущ. Сыадыгэщ жаIэн кьудейуи хуитыныгъэ ямыIарэ пэт, адыгэр хамэ щыналъэ щымыкIуэдыпIэу кьыззрыпэфами абыхэм я фIыщIэ хэмыльу пхужьIэнукъым. Сэ си щхьэкIэ а хасэм хэтахэм ину щIыхь яхузощI, нэрымыльагъуу я пащхьэ ситуи си щхьэр яхузогъэщхъ, абыхэм яхуэфащIын щIэблэ дищIыну Тхьэм селъэIуу.

ХЪУАЖЬ Фахьрн,
Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр институтым и лэжьакIуэ, къэмыт тарих.

Лъэцэрыкъуэ Хьэрун

Нэгъуцу Юсыф-Сухьэд

ЦIагъуэ Нурий

Мэт-ВынатIэкъуэ Юсыф

Маршал Тыгъуэ ФуIэд

ХыдзэпI Ибрэхьим

Генерал, тхыдэтх Бэркъуекъуэ Исмэхьил

Бэркъуекъуэ Исмэхьил ипхъу Жансэт

Тыркум щауха япэ Адыгэ Хасэр зэхэзышхэр. *1908 гъэ*

●Дунейпсо литературэм и хъугъуэфIыгъуэхэр

Зи псалъэр ныкъуэжьыIэу къэна


Федерикэ Гарсиа Лоркэ (1898 - 1936 гъгъ.)

Гранадэм километри 8-кIэ фIэкI пэмыжьжьэ Виснар къуажэм и гъунэгъуу 1936 гъэм щаукIащ Испанием и усакIуэшхуэ дыдэ Федерикэ Гарсиа Лоркэ. Пушкин хуэдэ нэгъуэщI усакIуэ щэджащэхэми ещхьу, ари гъащIэ кIэщIт.

Федерикэ Гарсиа Лоркэ 1898 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м Гранадэм пэмыжьжьэу Фуэнте Вакерос («Iэхъуэ Iункъыбзэ») андалуз къуажэм къыщалъхуащ.

Лоркэ и ныбжьэгъуу щытахэм зэраIуэтэжамкIэ, ар и усэхэр тригъэдэ́ну пIащIэртэкъым: тхыль напэкIуэцIым щыпэсам деж, усэм и псэр щIэкI хуэдэу абы къыщыхъурт. Ауэ Федерикэ Гарсиа фIэфIт абыхэм къеджэну, къыщельэIухэм дежи и гуапэу утыку кьихьэрт. Апхуэдэ дыдэуи и усэхэр зыгуэрхэм яритырт, уеблэмэ ахэр зытетха тхыльымпIэ кIапи езым кьызыхунмыгъэнэжу.

Нэхьыбэхэм деж зэрыхабзэу, прозаикхэм я литературэ лэжьыгъэр усэкIэ кьыщIадзэ. Испан усакIуэ щIэрыIуэ хъунум кьызэрыщIидзар прозэкIэщ. «Кьызэрысщыхьуахэмрэ дунейм и пльыфэхэмрэ» зыфIища гъуэгуанэ тхыгъэхэр зэрыт тхыльым щызэхуэхьэсат езыр щальхуа кьэралыр кьыщызэхикIухьым ильэгъуэхэмрэ ахэр кьызэрыщыхьуамрэ. Тхыльыр япэ щыкIэ Гранадэм 1918 гъэм, иужькIэ 1921 гъэм и гъатхэм Мадрид кьыщыдэкIащ. А зэманым Лоркэ Студент Резиденцэм и университет щхьэхуит жыхуаIэм щыпсэурт. Федерикэ Гарсиа и зэфIэкIым драматургнеми щеплыкащ, ауэ къехьулIакъым итха пьесэр - «Хьэндырабгъуэм и удыгъэр». Пьесэр къемыхьулIами, абы хэпльагъэрт усыгъэм и къаруушхуэ зэрыхэгъэпщкIуар. А гъэ дыдэм Лоркэ кьыдигъэкIащ и япэ «Усэ тхылъыр». ИужькIэ кьыкIэльыкIуащ «Канте хондо теухуа поэмэр» (1921), «Уэрэдхэр» (1924). Абыхэм Iупщу кьахоIукI усакIуэм езым и макъ льэщ зэриIэжыр.

Лоркэ и псальэр ныкъуэжьыIэу зэпыудащ. УсакIуэр хунэсакъым итха псори кьыдигъэкIыну. Дуней псом щикъухьащ Лоркэ итхауэ щыта письмохэр, абыхэм куэдрэ дильхьэрт и тхыльхэм хэмыхуа Iэрытххэр...

«Льагъуныгъэ кIыфIым и сонетхэр» кIуэдауэ яльытэрт. Езы усакIуэр ямыукI щыкIэ жиIэгъащ а тхыльым сонетищэ зэритынур.

Сонетхэм ящыщ зым мыпхуэдэу Лоркэ щыжиIащ: «ГуфIэгъуэ нэхь нэщхьей дыдэр - усакIуэу ущытынырщ. Адрейхэр зымэ щыщкъым. Уеблэмэ, ажалри».

АБЗУАН Пщымахуэ.

Федерикэ Гарсиа Лоркэ и усэхэр

Гъатхэ уэрэд

1

ЩыкIухэр зэрызехьэу, нэжэгужэу,
ЕджапIэм къызэрыщIохьыжыр.
Я макъ жьгъруруэр и хьэуам хишыхьу,
Мэлыжьыхь мазэр абы къаподжэжыр.
Мэ щIэщыгъуэ дахэкIэ уетхьэкъур
Мы щыхьэщхьэм!
ЩыкIухэм щIэдэIу уэрамри мэщхьэукъуэ,
Макъ нэжэгужэм пщIыхьыфI къыщхьэщихьэу.

2

КъыщызокIухьыр пщыхьэщхьэм
Жыг хадэ гъэгъакIэ къэтIэпIым.
Нэщхъеягъуэу гухэщI къысхуэзыхьыр
Къыщызгъэнагъэнущ зыщIыпIэ.
Зэманыр ящыгъупщэжауэ
Кхъэжьым щIэлъ щхьэкъупщхьэхэм,
ЩхъуантIагъэм щIыр исежащи,
Уэру гъэгъар ящхьэщогъуалъхьэ.

ЩыкIуртIымщэхур
Сабэм егъэтхьэхур.
Удэ щхъуантIэр
Щыуфафэ тафэм
Топлъызэ щхьэкъупщхьэм
Я нэщIащэ нэфхэр.

Уи берычэтым ущымысхьу
Мэлыжьыхьым псыи вагъуи
къытхубохьыр.
Мы дунеишхуэм и нэ кугъуэм
ЩызэщIэгъанэ дыщэ абгъуэр!

ЩэхухэрщыгъэпщкIуа псэхэр

ЩыIэщ псэхэр, щыгъэпщкIуауэ щэхухэр:
Пшэплъ ужьыхыжахэр,
Вагъуэ щIыхухэр,
Зэманым тхьэмпэ къыпыхуахэр.

ЩыIэхэщ нэгъуэщI псэхэри,
Щыпсэухэу
Гурыщ1э гуащIэхэр,
ХьэпIащIэуахуэхэу
Хэльу пхъэщхьэмыщхьэм.
Дунейр уэлбанэу къызэIыхьэм
КъыхоIукI



Джэрпэджэжым и макъ яукIауэ,
Бари гызри IэщIэгъупщыкIауэ
Ежэхащ, льагъуэр фIыщIэу
КъызэринэкIыу.
Куэд щIащ си псэр
Зэримытыжрэ балигъыпIэм,
Щэху зэхэтхъуахэм я гупсысэм
ИгъэбампIэу.
Iэджэ щIауэ ещIэр си балигъыпсэм
Щэху зэIумыбзхэм зэрагъэхыщIэр
си гупсысэр.
ЩIалэгъуэм игъэва бэлыхьхэр
Мывэ зырызурэ кьытохуэжри гущхьэм,
Мывэ къэсыхукIэ мыр кърелъхьэ
си щхьэм:
«ИкъукIэ упэжыжьэщ уэ Алыхьым».

Щхьэмыж

И пIалъэр къэсакIэщи щхьэмыжым,
IэкIуэлъакIуэу ар къехыжыр гъубжэм.
МащIэу и щхьэр игъэщхъауэ, щихур
Акъужьым йоIущащэ щэхуу.

Зы закъуэщ щхьэмыжыр иджыпсту зыхуейр:
Тыншыгъуэ къезытын даущыншагъэщ,
Япсыхьащи ар и бзийхэм дыгъэм,
ХъуэпсапIэ къэушахэмкIэ допльей.
Ирагъэшауэ Iэуэльауэм, нэхум,
Къурш щхъуантIэхэм я щIыб дохьэжыр махуэр.

Сыту пIэрэ апхуэдизу, и налъэ къэсыхун кьызэщIигъаплъэу,
Щхьэмыжыр гупсысэ хэзыгъаплъэр?
Хэт и макъамэ, кьыхэIукIыу нэщхъеягъуэр,
Пшыналъэ хьэльэу щхьэщыгъуалъхьэр губгъуэм?..

Бзу ешахэм ещхьщи, щхьэмыжхэм
ЯльэкIыркъым заIэту льэтэжыну.
Дыщэм кьыхагъэжькIа гульу
ПIейтеишэщ я нэгу узыIуплъэр.

Аргуэрыжьщи, и льэдийр иухуэу,
Йогупсысыр мы дунейм и щэхум.
И теплъэ дыщафэу узыIуплъэр
Щхьэмыжым кьыхихащ щIыгулъым,
Дыгъэм и бзийхэр, бжьэ кьэпщIауэ
КъытепщIэрапщIэу, хуабэкIэ ягъэнщIыу,

Нэщхъей дэрэжэгъуэкIэ сывгъэнщIыу,
Щхьэмыжхэ, фыкъыдохьэхэр сигу льащIэм!
ФыкъыпхыкIыжри пасэрей зэманым,
Фи макъыр щывгъэIуащ КъурIэным;
ЗэщIэжьууэу фогъэIур пшыналъэр,
Щымагъ жыжьэхэм я Iэр къывдалъэм.

Я ныбэ изу цIыхухэр вгъэшхэн щхьэкIэщ,
Зыми фемыблэжу фыкъыщIэкIыр.
КъигъэкIыну химысами зыми,
Хьэкъыршри губгъуэм щокI езыр-езыру.
Фыхуэдэщ гъэрыпIэм ис дыщэ гъэжам,
Мэзым кьыщокI гъэгъа узыгъэжейр.
Дунейм кьытохьэри, щхьэмыжыр
ЩIыхур псэун щхьэ езыр йохьыжыр.

Губгъуэ

Яжьафэщ уафэм и теплъэр,
Жыгхэм хужьу уаIуоплъэр.
Ягъэсщ- пагъэкIри гъащIэм,
ФIыщIабзэу къэнащ фIамыщIыр.
Тегъуэжауэ уIэгъэм льыр,
Хохьэжыр жэщым пшэкIэплъыр.
ТхылъымпIэ плъыфэншэу
ЯушкIумпIыжащ къурш тхышэр.
Гъуэгу нащIэхэм,
КъуэкIий куухэм я лъащIэхэм
ЗыщагъэщкIур сахуафэ сабэхэм.
Псыежэх цIыкIухэр мэутхъуэ,
ПIейтейуэ мэжей архъуанэр,
Жэмым пщIэхэлъ уэзджынэр
Мэзу, темыгушхуэу, шынэу.
Псынэми и шкIурэ макъыр
Мэужьыхри, щыму мэдыкъыр.

Яжьафэщ уафэм и теплъэр,
Жыгхэм хужьу уаIуоплъэр.

Жыгхэр

Жыгхэ,
ФыкъыщIэхури уафэм и лъащIэм,
Шабзэшэ абрагъуэу фыкъытехуахэщ щIым.



Хэт шабзэшэхэр къезыдзыхыр шынагъуэу?
Я Iэужьу пIэрэ ахэр вагъуэм?

Фи макъамэм щоушэ бзухэм я псэр,
Алыхьыр къыфхуоплъэыхыр,
фрищIасэу,
КIыщым щIэт шэдыбжьри фхуоусэ.
Жыгхэ!
Сигу мы щIылъэм щыпсэур
КъащIыхуфыну уи къуэпсхэм?

Налкъутналмэс

Вагъуэ папщIэм, налкъутналмэс къыпфIэщIу,
ХъуаскIэр пылъэлъу пхесыкI уафэ лъащIэр,
Бзу, гъэру щаIыгъар нэгъуэщI дуней,
Хуит кьэхъужу кьэлъэтэжа нэхъей.

Хуитыныгъэм щIэхъуэпсрэ щыгъуэу,
Епхауэ зэрыса абгъуэ абрагъуэм
КъикIыжауэ, кьыпэщIэхуэмкIэ егъэшыр,
Къыгурымыуэу быдэу зэрепхар ар хьэршым.

НэгъуэщI дунейхэм я щакIуэхэр
Хьэршым щызокIуэ ещакIуэхэу
Даущыншагъэм, нэхум я гуэл щхьэфэхэм
Щхьэхуиту тесыкI кьыу дыщафэхэм.

Щиху жыгыщIэхэр макъкIэ ину
Алыфбийм кьызэдоджэхэр.
Итрыгъум нэса щиху жыгыжьырщ,
И кьудамэхэр дэсысу акъужьым,
ЖыгыщIэхэр езыгъаджэр.
Иджы бгы льагэ жыжьэ задэм
КIэн щыджэгу хъунщ хьэдэхэр:
Яхуэмыхьыжу, зэшу
Iуэхуншэу хэльыну хьэршым!

Хьэндыркъуакъуэ, кьыхэдзэ уэрэдыр!
НэщIэнкIэ, кьытехьэ дунейм!
Даущыншагъэр зэпывуду,
Хуиту кьэвгъаджэ фи бжьамийр!

Унэм сыкIуэжу сытохьэжыр гъуэгум,
Зыгуэрым щхьэкIэ мэгузасэ си гур.
Си бзу цIыкIухэр щIэпIейтей мы си псэр шынэу.
ЩIэплъыпIэм жыжьэу уафэ джабэм и псыкъуийм
ЙотIысхьэжыр махуэ нэхум и гуэгуэныр!

Дыгъэр къухьэжащ

(1920 гъэм и шыщхьэIу)

Дыгъэр къухьэжащ. Жыгхэр
Сыну нэщхъейуэ зэхэтхэщ.
Хьэжэн нухыу къэувыIэжа щхьэл шэрхъ Iуэхуншэу,
Хьэсэхэм захуэзыр даущыншэу!

Гузэгъэгъуэ зимыIэжыр
Нэхущвагъуэрщ.
Къильэгъуа пфIэщIынущ мыIэрысэ,
Зэи зым и ба льэмыIэсауэ.

Гъэмахуэку дахэм и Пегасу,
Аргъуейм къыщалъэтыхь уэсэпсым.
Мазэгъуэм уэру кьрикIут бзийр
Пенелопэ зэIуища дарийщ.

«Жей,
Дыгъужьым сыкъеджэну ухуэмейм!»
Мэл анэм
Щынэр егъэшынэ.
«Йджыри куэдрэ кьимыхьэу,
Дежьэн хуейуэ пIэрэ бжьыхьэм?» -
Гъэгъа хуэлэжьыр щхьэхынэу мэхущхьэ.

Мыгувэу, дыгъэр къуршым зэрыщхьэдэхэу
Кьыдыхьэжынущ Iэщыхъуэхэр.
ЩыкIухэм щIадзэнущ бжэIупэм щыджэгуу,
Лъагъуныгъэм и уэрэд нэщхъейуэ кьинэжахэр я гум
Блыныжьхэм кьыхадзэнущ нэсу уэгум.

КъэгъэшыпIэм

Сыхуейщ згъэзэжыну сабиингъуэм,
Сабиингъуэм адэкIэ - шпагъуэщ.

Сэлам зэтхыжын, бзуущхъуэ?
Узыншэу! Си ужьыр махуэ пхухъу!..
Сэ сыхьхьэжынщ кIыфIыгъэм,
Удзыр щыгъагъэм сынэсын си гугъэу.

Сэлам зэтхыжын, мэ гуакIуэ?
НэпIащIэ...
Укъыхихыну жэщ удзым и гъэгъам,
АдэкIэ, адэкIэ уихьэщ псэм и лъащIэм.

Узыншэу, льагъуныгъэ?
КъохъулIэну уиIэ псори гугъэу!
Къохъуэхъур си гур, хьхьэжурэ кIыфIыгъэм...

ЗэзыдзэкIар **УЭРЭЗЕЙ Афликщ.**
Сурэтхэр **Сацкий Павел** *щIащ.*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Мелардырбжэхэр

Ахъшэмрэ унагъуэмрэ

Дуней псом щыпэхъ кьулей Слим Эл Карлос теухуа хьыбарыр гъэщIэгъуэн зыщIыр абы и мылькур и лэжьыгъэкIэ, щIэныгъэкIэ, гуащIэрэкIкIэ, текIуэныгъэм зэрыхуэпабгъэмкIэ кьыхэрилэжьыжарц. Абы и щапхъэм дерсу кьыхэхыпхъэр лэжьыгъэм хуиIа лъагъуныгъэм и гъащIэм щIа уэвыпIэрщ, и адэ-анэм кьыбгъащIадальхьа ушиныгъэрщ.

СЛИМ ЭЛУ Карлос 1940 гъэм щIыщылэм и 28-м Мехикэ кьащIалъхуащ. Унагъуэм кьахэхьуа сабийхэм ар епIланэт. КьыхэгъэщIыпхъэщ абы и адэр хьэрычэтыщIэ Iэ3эу зэрыщытар. Ар Ливаныр кьыкIыу Мексикэм кьэлэпхъуэкIэ нэужь, хьэрычэтыщIэ Iэ3эу щIыкIу кьыз3ыуихащ. ИкIи илъэспищIым кьриубыдэу и Iуэхур фейдэщхуэ кьыхуихьу зэрызэтриублам нэмэщI, Мехикэ и кум бгъэIэпхъуэ мыхьу коммерцэ мыльку 11 кьыщищэхуащ.

Унагъуэщхуэм я адэ бжьыфIэ, хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ Слим Дон Хулио кьыщIэхьуа щIэблэр хуигъэсащ лэжьыгъэм лъагъуныгъэ хуэIэнмрэ мыльку зэхуэхьэсынымрэ. Уеблэмэ гъащIэм щынэхьыщхьэ дыдэр унагъуэм илъ зэхущIытыкIэхэр арауэ ягуригъЗуащ.

Слим Элу Карлос псэукIэр егъэфIэжьэным пасэ дыдэу хуигъэсащ и адэм. Хулио и бынхэр иджыри щыкIуу тетрадь зырыз яхуигъэщIри, кьахэхьэмрэ ягъэкIуэдымрэ ярыригъэтхэу хуежьащ. НужькIэ зэадэзэжьхуэхэр зэгъусэу хэпльэжьырти, кьапщытэжьырт. Апхуэдэ дерс кьызэрыгуэкIым щIалэхэр хуигъэIущащ я мылькум и щытыкIэр зэрагъэкIуэфу.

А илъэсхэм щыщIэдзауэ ахъшэ хьумэнымрэ ар зы Iуэху гуэрым хэлъхьэнымрэ и гъащIэм щыщ Iыхьэу кьежьащ Карлос. И ныбжьыр илъэс 12 щрикъум акцэхэр кьыз3эрищэху счет кьыз3ыуихат абы. Илъэс 13 щыхьым и адэр дунейм екIыжащ.

Щылэм Мехикэ дэт Лъэпкъ автоном университетыр 1961 гъэм кьиухащ, инженер IэщIагъэр зригъэгъуэтри. И ныбжьыр илъэс 25-рэ ирикъуэу Grupo Carso и империер ухэзн щIидзащ.

Зи гугъу тщIы хьэрычэтыщIэм и дежкIэ зэман згъурлуэу щытащ блэжьа лIыщIагъуэм и 80 гъэхэр. А лъэхъэнэм ар унэтIынныгъэ кудым щыщIэрыIуэ хьэрычэтыщIэт, кьищынэмыщIауэ 1966 -1980 гъэхэм кьриубыдэу компание зыбжанэ кьыз3ыуихащ, Iуэхущапэ лъэщ зыкьыонм кьищэхуащ.

1982 гъэм Мексикэм кризисыщхьэу щыз3ещIэпльащ икIи хьэрычэтыщIэхэм я псоми кьыщащIыхьу. Абы активхэр кьыщещэху Бразилием, Перум, Гондурасым, Аргентинэм, Колумбием, Сальвадорым...

Слим Карло и Iуэхуэхэм кьадэкIуэу пщIэшхуэ хуищIыр и унагъуэмрэ бын гъэзэнымрэ. Абы и щхьэгъуэгъэ 1999 гъэм дуней екъежащ, езым сабийх кьыхуэнэрт. Нэхъыжь дыдэращ иджыпсту Групо Carso и унафэщIхэм я советым и Iэтащхьэр. Адрей Марко, Антонио, Патрик сыми адэм и Iуэхум пэрытщ.

Куэд хилъхьащ Карлос унагъуэ дахэ иIэным, икIи ахъшэрак ькым абыхэм ягъэнэхьыщхьэр. Дэтхэнэми пщIэрэ лъагъныгъэрэ я зэхуаку дальным зэрыщIыкIуэрэ хуигъэIущащ и сабийхэр. Ар зэи и мылькум щысхьакьым псапэ щIэнымкIэ. Уеблэмэ зэман гъунэгъум Латин Америкэм и зыужьыныгъэм щIэгъэкъуэн лъэщ хуэхъуфынущ.

Мелардырбжэм ахъшэшхуэ трегъэкIуадэ егъэджэныгъэмрэ социальнэ дэIэпыкьунытIымрэ. Ар и щапхъэщ цIыху кьулейхэм, ахъшэм имытхьэкъуахэм я щхьэр зыхуей зэрыхуагъэзэным кьащIымынэу, мурадышхуэхэр зэрызыхуагъэувыжым. Апхуэдэ кьалэн уи пщэм дэплъхьэжьныр зэрэнкъым, дунейр иригъэфIэкIуэнущи, уи лъэужь дахэ кьэбгъэнэнущи, щытхъу пыльу уи цIэр кьраубгъэнущи.

ШЫПШ Даянэ.

ЧЕХОВ Антон

Хадэм

Адыгэбзэм и къару

ЛОЛЭ, илъэс тIощI зи ныбжь тхьэIухуд сырыху цIыкIур, хадэ бжьхьым кIэрыгъащI, абы теIуIа пхъэбгъум и жьэпкъыпэр трилъхьауэ, жэщым хопIэ. Гуфгъуэ жьжьэри, Iэрамэрэ уафэм теIа пшэхэри, нэкIфIэгу тедзапIэри, лъэбжьипщI нэхърэ мынэхъ жьжьэу хадэм блэж псы цIыкIри Iуащхьэм кьыкьуэкI мазэм и нур пIныжьхьфIыщIафэм цIыгъэнащ. Жьым ищIэн игъуэткъымы псыежэхыр егъэтхьытх, удэхэмкIэ мэщIэкъащхь... Iэгъуэблагъэрэ щымщ... Лолэ мэгупсысэ... Абы и нэкIу дахэ цIыкIур зыкIэ нэщхьейщ, и нэм апхуэдизкIэ гукъеуэщхуэ щIэтщIи, кIуэ, емыкIыщ икIи гущIэгъунщагъэщ абы и гум щыщIэр кьыумыгъэIуэтэну.

Лолэ дыгъуасэмрэ нобэмрэ зэрегъапщэ. Нэгабэ гугъэ Iэфкъэ IэгъэщIа мыпхуэдэ дыдэ накьыгъэ мазэ щIэращIэм, цIыхубэ институтыр кьыухьарт абы. Аузэр и нэгу кьыщIохьэж я класс унафэщI мадмуазель Морсо.

Сымаджэрилэрэ и гур нудауэ, шынэр зэи и нэгум щIэмыкIрэ и пэшхуэр кьэпщIэнтIауэ зи гъащIэр езыхьэкI а псэущхьэ мыкIуэмызтэм, а гъэм кьэзыух хьыджэбзэр сурэт ятрыригъэхьыну ишат.

- Адыдыд, Тхьэм щхьэкIэ мыбыхэм цIыхухъу сурэт кьеВмыгъэтъагъу! - елъэIурт ар сурэттехым и кьуэдзэ цIыхубзым.

ЕльэIурт, и нэпсым кьыз3ыпижьыхьауэ. И гъащIэм Iуэхуэу хьэтхъугъэ зымыдэр. Тхьэхуа а шындырхъуо тхьэмыщкIэм дуней кьутэжьыгъэр кьэсам хуэдэу, и щхьэфэщым зиIэтт цIыхьухъэ нэпсыпэпIкъ кьыз3ярильаГъуу. Дэтхэнэ зы «псэхэми» и пащIэ-жьакIэм кьэгъаз3ымыIэу жьыхьэнмэ мафIэм уэз3ыльафэ гурыфIыГъуэ Iэфл хилъэгъуэфынут абы. Пщащэхэр Морсо деIэм щыдыхьэщх щхьэкIэ, езыхэм ягуэхэри «гутъэхэмкIэ» кудахэти, ар зыгъэпIейтейр зыхамыщIуэ кьанэрэтхьэм. Абыхэм быдэу я фIэщ хьурт институт бжьащхьIым кьыз3ребгъэхьэху, адэ жьы ЧеГъэзэкIэмрэ дзэм кIуэну зыз3ыгъэхьэщI дэпхъэхэрэ уакъыифIэкIмэ, зэрызехьэу усакIуэ щхьэцэхэр, зи фэ пыкIа уэрэджьыакIуэхэр, ауаныщI дыджжэр, хэкуIе зэсмыблажьэр, зи мылькур кьыпхуэмыбжьын мелуаныр фыбжэхэр кьахуэзэпещэу щыту, Уи нэпсыр кьрагъаIуфэмкIэ бзэ Iэфкъэм кьыпщхьэщхьэкIи хьэзыру, езыхэр удэзыхьэх защIэу... Хэплъыхь а гуп зэрызехьэми кьыхэх! Лолэ, псальэм папщIэ, щIыгъуэ, щIыгъуэ институтыр кьыузэрихуэу, Iэмал имыIэу Тургенев и тхыльхэм хэт щIалэхэми пжьыдэхэр зыужьыныгъэмрэ щIэбзэн абыхэм ещхьхэми - роману хъуари, тхыдэ пасэри, ику итри, нобэрейри зэрытемыгъакIуэу зыгъэпсэлъыхьхэм - зэрахуэзнум.

Мы накъыгъэм Лолэ унагъуэ ихьакIэщ. Абы и Iыр кьекIуу, кьулейщ, щIалэщ, еджащ, псоми пщIэ кьыхуащI. Аузэ а псом емыпыстауэ ар (дауэ мы накъыгъэщIэращIэм зыхуэбгуасыс- жьн) псэльэкIэмызщIэщ. Тыгурывэщ икIи мышущ дэпхъу мин пIыщIэ мышуэхэм хуэдэу".

Ар сыхьэпипщI зэрыхьу къэуц, хьэлат цIетIагъэри, зиупсыну мэтIыс. Iуэхушхуэ зэфIигъэкIым хуэдэу зеупс, игури и псэри етауэ, телефон зэпкъриплхьэ фIэкIа умышIэну. Зиупса нэужь, псы гуэрхэм йофэ, ари зы бэлыхь ищIэм хуэдэу. ИтIанэ зэщIэльдэу гъэкъэбзарэ ету зыгедзэ защIэкIэ зехуапэ, щхьэгъуэсэм и Iэм ба хуещIри шыгу зэщIэщIамкIэ лэжьакIуэ макIуэ. Абы щилэжьыр Iоло ищIэрэкъым. ТхьлымпIэ гуэрхэр кьритхыкI кьудейрэ, мурад Iущхэр кьыгIыкIыуэкIрэ е, хэт ищIэрэ, гъэкъэгъуэр и Iэмыщ1э ильу зригъакIуэрэ - гурыГъэгъуэкъым. Сыхьэтипл1ыр екIуэкIыу лэжьапIэм кьокIыжри, зэрещIамрэ кьыз3ярыщIэнПамрэ щхьэкIэ тхьэусхьэуэ и щыгъынныр зэрехьэкI. ИтIанэ щэджаГъуашхэ ищIынымэтIыс. Iэнэм бгъэдэсыху куэд ешх икIи кьепсэлъ. Нэхьыбэу зытепсэлъыхьхьыр мыхьэнэзыуэ зиIэ Iуэхухэращ. ЦIыхубзхэр зэрыдаХъуэным кьэрал мылькур щыщIэдзэдзэжьмэ я гугъу ещI. Зыгъэр щхьэкIэ Англиер еуб, Бисмарк щотхъу. Гаэтхэми, дохутырхэми, актерхэми, еджакIуэхэми яхуэфащэ яльос. «ЩIалэгъуалэр егъэлеяуэ мыхьэнэнщIэ хьащ!І Зэ шхэгъуэм Iуэхугъунщэ зэхгъэкI. Ауэ псом нэхъ бампIэгъуэращи, хьэщIэ кьыдэшхэхэр а цIыкIу гугъусыгъым кьедаГуэрэ кьыдожьу. А делагъэрэ гупсысэ мыфэмыцIэ фIэкIа кьызыжьэдэмыкIыр хьэщIэу хьуам нэхърэ нэхъ губзыгъэу кьышIокIри, псори зыфIегъэлIыкIыф.

- ДиIэжжьым дэ идахь тхакIуэфI! - мэщатэ ар шэджащIэхэр кьэс, икIи а гупсысэр абы тхьылъэракъым кьыздрихар. Ар зэи зыри еджэркъым - тхьылъи газети. Тургеневымрэ Достоевскэрэ зэхегъэгъуащ, хьэрыбзи гушIи кьыгурыIуэжьым. Зэгуэр Лолэ и чэнджэщкIэ Щедрин еджати, «мыгурыIуэгъуэ» тхэуэ кьыльытащ.

- Пушкин нэхъыфIщ, си псэм хуэдэ... Пушкин дыхьэшхэн куэд иЕщI Сэ сыкьеджащ... сощIэж...

Шэджагъуэ нэужьым ар пырхъуэм тохьэ, шэнтжьей щабзэм йотIысхьэри, и нэхэр щIригъэлъафэу гупсысэн щIедзэ. Кьыхьу, Хэпльэу, зэхэуфауэ, и натIэхэр зригъаIъэу мэгупсысэ. Лолэ ищIэркъым ар зэгупсысри. Абы ищIэращи, сыхьэтитIкIэ акъыл игъэхъеяе нэужьи, ар зыкIи нэхъ губзыгъэ мыхьуауэ жиIэ хабзэ делагъэ дыдэхэм тохьэжь. Пщыхьэщхьэм куэзыр мэджэту. НабдзэгубдзапIъэу. КIуэгъуэ кьэс фIыуэ йогупсыс икIи кьыдэджэгур щыуэмэ, макъ гъэхуакIэ тэмакъкIыхьу куэзыр джэгун зэрыхуей щыкIэр кьыгурегъаIуэ. Куэзыр нэужьым, хьэщIэхэр зэрыкIуэну, псы гуэрым пифэри зэрыхуущIэмыхьэр и нэкIум кьищу мэгъуэтыхьэ. Щыжей кIэ мывэм хуэдэу сабырщ. Зэзмыцэ мэуэщхьу жумыIэмэ. Ауэ кьиНуэщхьурн мыпущ.

- КьэувыIэ! Кьэувыи!Ы! - шыгухум еджэу кьыухэкIиикIащ ар, хьэгъуэIыпгъуэм кьыкIэлъыIуэ жэщым.

Жэщ псом кьокъуатъэ. И пэ кIуэцIри, и бгъэри, и ныбэри кьокъуатъэ...

Аращ Лолэ хужьыэнур и лIым теухуауэ. Иджы ар хадэ ихьэпIэм дежь щытщ, абы йогупсыс, илъэгъуэ цIыхухъу псоми ирегъаIпщэри, псом нэхъри нэхъыбэрэ щIэтщIыгъэ, ауэ, сыт-тIэ абы щхьэкIэ. Мадмуазель Морсо и дунейкъутэж гуэкIеикIэм ар нэхъыбэжкIэ игъэгугъэрт!

Зэзыдзэкlар
ЧЭРИМ Марьянэщ.

* «Сэ ар дэтхъу мин пIыщIым зэрагъаГъуфы- лъагъурт». (Шекспир У., Гамлет).

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Къуажэм щокIуэкI зэпеуэ дахэ. Абы хэтщ Ацкъан Руслан, ХьэфIыщIэ Мухьэмэд, Уэхъутэ Александр, Iутlыкъ Борис, Чурей Алий сымэ. *2003 гъэ*

● Шхыныгъуэхэр

ДжэдыкIэрэ бжьынрэ зыдэлъ хьэлывэ

ДЖЭДЫКIЭР ирагъэвыкI, цIыкIу-цIыкIуу яупщIатэ, хьурейуэ упщIэта бжьын цIынэ, шыгъу щабэ, шыбжий сыр, бурш, джэдгын, шатэ хальхьэри, джэдыкIэр ямыпIытIын щхьэкIэ хуэсакьыуэ зэIащIэ. ИтIанэ пщагъэ зыхэль тхьэвыр пIащIэу яху, дальхьэнур тралъхьэ. Тхьэв кIапэр хьурейуи, пIлимэуи, мазэ ныкьуэм ещхьыи зэтебгъапщIэ хьунущ. Тхьу зыщIухуа тебзм зэтегъэпщIапIэр ящIдзгъэзевуэ иралъхьэри, хьэзыр хьуху, дакьикъ 18-20-кIэ, хьэкулъэжIэ ягъажьэ.

Хальхьэхэр:

Тхьэвым:

Гуэдз хьэжьигъэу - грамм 500
Псыуэ - грамм 250-рэ
Пщагъэу - грамм 20
Шыгъуу - грамми 10

Хьэлывэм дэльынур:

ДжэдыкIэу- 7
Бжьын цIынэу - грамм 200
Шатэу - грамм 100
Шыгъуу, шыбжийуэ, буршу, джэдгыну, тебэщIыхьэу - узыхуэйм хуэдиз.

Лэпс зэщIэт, мэлыл, джэш, кIэртIоф хэльу

МЭЛЫЛIР яупщIатэ е зэпауд г 100-150-рэ хуэхуэ, псы щIакIэри ятхъэщI. Лыр шыуаным иралъхьэ, псы щIыпэ щIакIэри, мафIэиным тету зэ кьыттрагъэкъуалъэ, тхьурымбзр кьыстрахыуэр. МафIэр цIыкIу ящIри дакьикъ 20-25-кIэ ягъавэ, тхьурымбзр кьытрахыуэрэ. ИтIанэ абы хальхьэ джэш ныкьуэвэ, шыгъу хадзэ, шыуаныщхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету дакьикъипщIпщыкIутI хуэдизкIэ ягъавэ. Абы хальхьэ щимэ цIыкIуэрэ упщIэта кIэртIоф, шыуаныщхьэр трапIэжри, хьэзыр хьуху ягъавэ. Хьэнтхъупсыр хьэзыр хьуным дакьикъытху-хы фIэкIа имыIэжу бжьыныху, шыгъу, шыбжий сыр хальхьэ. Хьэзыр хьуа хьэнтхъупсым джэдгын хадзэрэ, и щхьэр тепIэу дакьикъи 5-6-кIэ щагъэт. Пщтыру фальэ кууклэ Iэнэм трагъэувэ. ЩIакхъуэ, чыржьи, пIастэ щIыуэ дашх.

Хальхьэхэр (зы цIыкIу Iыхь):

Мэлылу - грамми 150-рэ
Лыр зэрагъэзвэну псыуэ - грамм 600
Джэшу - грамм 30
КIэртIоф укъэбзауэ - грамм 50
Бжьыныхуу - грамм 20
Шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

ГъащIэм и Iэфlыр

Дэтхэнэ зы гъащIэри сурэтщ. Адэ-анэм сурэтыр зытетщIыхьынур къыдат, гъащIэм - зэрыдгъэувэну кьупльэр тхуегъэхьэзыр, цIыхубэм лэчхэр кьытхуагъэш, дэ ешм сурэтыр дощI.

МИЛЛЕР Тарас.

ГъащIэр гъэгум ещхьщ: нэхъ кIэщI дыдэр нэхъ фIейщ, кIыхь дыдэри кьабзащхьэм.

БЭКОН Френсис.

● Цыхухэхуэхэм я гупсысэхэр

ГъащIэм зэхъуэкIныгъэ кьыщыщхъуэ а-кьыплим гупсысэщIэ гуэр кьыщIихьам и дежщ.

ЭКМАН Пол.

Пэжыр кьыбгурыIуэныр, дахагъэр зыхэпщIэныр, фIым ухущIэхъуныр - мис аращ гъащIэ Iэфlым и лъабжьэ хьужьр.

ПЛАТЕН Август.

Дэтхэнэ дакьикъми купщIэ тэмэм езытIыфращ зи гъащIэр кьызыхупищэр.

КУРЦ Изольдэ.

● ФщIэн папщIэ

Лимоныр сэбэпщ

ШхапIэхэм щылажьэхэм лимоныр куэду кьагъэсэбэп. Уеблэмэ, абы и фэри щхьыным халъхьэ. Абы и сэбэпныгъэр кьэфIыгъэу, фэрэ а щапхъэм фытет хьунущ.

ЛИМОНЫР ятхьэщIри, щIыIалъэм далъхьэ. Ар щта нэужь, кьыдахри, ятхьэнщI.

Лимон тхъунщIар хэплъхьэ хъунущ хадэхэкIхэм кьыхэщIыкIа салатым, мороженэм, хьэнтхъупсхэм, макароным, прунжым, бдзэжьейм кьыхэщIыкIа шхыныгъэм, нэгъуэщI куэдми.

Лимоным шхынымэ зэрыгъэIэфIым кьищынэмыщIауэ, сыт хуэдэ сэбэпныгъэ пылъыр! Кьэбгъэльагъуэмэ, лимоныфэм витамину хэльыр процентыр 5-10-кIэ нэхьыбэщ, лимонымпсым хэпльым нэхъыбэ. КьищынэмыщIауэ, лимонымфэр антиоксидант льэщщи, ари зыщIымыгъэгъупщэ.

ГЪУКIАКЪУЭ Идар, ГЪУКIЭЛI Салимэ.

Псальэзэблэдз

Ихьурейгькlэ кьыкlуэху: **13.** Iэщым я шхын. **14.** ПшахъэщI. **15.** Лъэхъстэн вакъэ пIащIэ. **16.** Сату хуэIухуэщIэм хуаща унэ. **17.** Шым и «вакъэ». **18.** Кьыщокъуэ Алим и «Мазэ ныкьуэ щхьэантIэ» романым хэт щIалэщI. Е Кьэбэрдей-Балъкъэрым щIыкIэ зиIэ и адыгэ драмтеатрым и джэгуакIуэ ... Рэмэзан. **19.** Уэшх кьемышхэу зэман кIыхь щыдих лъэхъэнэ. **20.** Уафэ лъащIэм кьыщIуэнэхуу напIэзыпIэм кIуэдыж. **21.** ЛъаганIэ. **22.** Джабэм кьех шыгур нэхъ хуэм зэращI. **23.** Iэщэ. **24.** Хьэлу, хьэтыкъ, мэжаджэ... **25.** Бегьымбарыщ, цIыкухъуцIэ. **26.** ХьэщIхупщ. **27.** Адыгэ псальэжьым зэрыкIэмкIэ, лъхукъуэлIыр бгъэкIэсэ, ар уфIиубыдынущ. **28.** Iэщ пащэ: къэгубжьауэ зыпэщIыуэгъахуэ - бжьакъуэпэкIэ уэзрихьэнщ. **29.** Эусхьэн лъэпкъ. **30.** ЩыпсальэкIэ Iэзэн. **31.** ... щхьэнтэ. **32.** Шым и кIуэкIэ. **33.** Ди кьэралым и ищхьэрэ щIыналъэмкIэ Iэжьэм щыщIащIэ псэущхьэ. **34.** ХадэхэкIым эрэн хуэхъу удэзыжь щхьэ гупсысэ. **35.** Шыплъэмэ псыми щопсэуф. Хуэм дыдэу фIэкI зекIуэркъым. **36.** ЗыщагъэпскIын е бдзэжьей щагъэхьун папщIэ кьратIыкIыу псы зэрагъэльэда машэщхуэ. **37.** Адыгэ IуэрыIуатэм кьыхэзыщIж щIыхуб1 пелуан. **38.** Бжэныфэм кьыхэщIыкIа кьэп. **39.** Жэмтхъэлэ щыщI адыгэ генерал. **40.** 2008 гъэм Китайм щекIуэкIа дунейпсо Олимп Зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль кьыщIизыхьа адыгэ щIалэ. **41.** Пасэрей гъущI пыIэ. **42.** ХьэщIэу кьэытхуебгъэзэхэм ди щIыпIэ тельыджэр ... щIыналъэу кьалъытэ. **43.** Кьэхъуну-кьэщIэнуэхэр кьыбжезыIэф щIыху Iущ. **44.** ... и жалIэр езым кьегъуэтыж. **45.** АдыгэщIэ зезыхьэ кьалэ, нэгъуэщI республикэм щыщ. **46.** Пщэ ... е мэз ... **47.** Хадэм щагъэкI уз1ежьыныгъэу, шхынхэльхьэ. **48.** ЦIыху жейм е сымаджэм кьыжьдэкI псальэхэр. **49.** Адыгэ таурыхьхэм узыщрихьэлIэ щIалэ Iущ, иныжьхэм ебэяджэкIыу. **50.** Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ.

И кумкlэ кlуэуэ: **1.** Iущхэм я тхьэ. **2.** Хьэм кьупщхьэкIэ уеузкIэ... **3.** Дин лэжьакIуэ, муслъымэн хабзэм тет хеящIэ. **4.** ЩIыпIэ сэтей, тафэ. **5.** Адыгэ тхакIуэ Кьашыргъэ ... **6.** Хабзэншагъэу, щыхьэтыншэу зэIэпах ахъшэ. **7.** Фадэ гуащIэ. **8.** Налшык щыпсэу уэрэджыакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ артист. **9.** Бзу ... **10.** Нэзым кьиубыдыр. Е Iэшэльашэ, Iэгъуэблагъэ. **11.** Удз пыупщIа сатыр. **12.** «... бэльтокур уей, жи, уей, Iэгум ёокIуадэр ...» - уэрэд цIэрыIуэм щыщщ.

Гу зыльытапхъэ: ихьуреягькIэ къэзыкIухьхэм я псалъэм и кIэухыр къыкIэлъыкIуэм и щIэдзапIэщ. Щапхъэ: мэшышыгъу-гъуэз.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ

				1			2			3				
	13		14	15			16			17		18	19	
														20
			32	33			34			35				
12														4
	31					44			45			36		
	30						49			46		37		
11														5
				48			50						21	
	29													
	28									47		38		22
10														6
			43				42		41		40	39		
														23
	27						26		25				24	
				9				8			7			

Мэкъуаузгъуэм и 1-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

Ихьуреягькlэ кьыкlуэху: **13.** Щыкъу. **14.** Кьуентхъ. **15.** Хьэуан. **16.** Нэху. **17.** Хугу. **18.** Гузбэн. **19.** Нэбгъэф. **20.** Фошыгъу. **21.** Гъэгу. **22.** Гущ. **23.** Щыуэкъуэт. **24.** Тощ. **25.** Щэрмэт. **26.** Тхьэгъэлэдж. **27.** Джнаису. **28.** Арджэн. **29.** Нартан. **30.** Нал. **31.** Лэкъум. **32.** Мылыф. **33.** Фэдэн. **34.** Ныш. **35.** Шыд. **36.** Ду. **37.** Уэщ. **38.** Шиху. **39.** Хуэщкъым. **40.** Мыхъур. **41.** ЧыцI. **42.** ЦIэфэщ. **43.** Щэбэт. **44.** Топ. **45.** Пэу. **46.** Уэх. **47.** Хамэгу. **48.** Гуль. **49.** Льей. **50.** Кьру. **51.** Уд. **52.** Дарий.

И кумкlэ кlуэуэ: **1.** Деур. **2.** Гъэсащэ. **3.** Пэгун. **4.** Анэл. **5.** Хьэлыуэ. **6.** Мыщэ. **7.** Мащэ. **8.** Щыгъуэ. **9.** Льэпщ. **10.** Дэльху. **11.** Нэмыпль. **12.** Даур.

● ХъыбарегъащIэ

Япэу кьытхуоблагъэ

«Урысейм и театрхэр - Кавказ Ищхъэрэм» проектым хэту, мэкъуаузгъуэм и 12-м Налшык, Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм, япэу щагъэльэпсэуэнущ Тургенев Иван и «Дворянское гнездо» романым кьытращIыкIа спектаклыр.

Абы хэтынущ Чехов Александр и цIэр зэрихьэу Москва дэт Художественэ театрым и артистхэу Дюжев Дмитрий, Гладких Янэ, Назаров Дмитрий.

Спектаклым щыщIидзэнур сыхьэт 19.00-рэ.

УпщIэ зиIэхэр мы телефонымкIэ фыпсалъэ хьунущ: 47-71-42.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гыриев Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маринэ, ЩэнIэныдзэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, ЦIхьэцэмыщI Иэз.**

КьыдзэгъэзэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

● ● ●